

ХIУРМАТАЛЪУЛ ХЪАРЩИ

## ДАГЪИСТАН ЧIУХIАРАЛ МАГIАРУЛ ЯСАЛ

ЛИТЕРАТУРИЯБ ГЬУМЕР

## «ТАЛИХIАЛЪЕ ИХТИЯР ГЬЕЧIОГО»

ГIУМРУЯЛДАСА ЛЪУГЬА-БАХЪИН

## ГIУМРУГО ГУРЕБ ГIУМРУ...

ГАЛЕРЕЯ

## ХУДОЖНИК, МАСТЕР, ПЕДАГОГ

# МагIарулай

4/2021

ISSN 0132-9723
Аварский



"Каменная чаша". Хунзахский район

## РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ



# «Кинабго дуда бараб буго!»

Гьаб рии, туристазул гIемерлъиялъ, ракIалда чIолеблъун букIинилан ккола дида. Амма гьаб туристазул сезон жамгIиял гьундузда гьел туристазул ахIи-хIуралдалъун байбихьана. Маялъул байбихьудаго Дагъистаналде щварай цIаррагIарай артистка Наталья Рудовалъул бицунеб буго дица. ТIоцере гьелъ инстаграмалда бугеб жиндир гьумералда лъолел рукIана цIакъ разиял суратал, видеоял. Гьенибго буго гьелъул пашманаб ахирги, тIокIай Дагъистаналде ячIине гьечIилан гьедиги. Гьелъие гIиллалъунги ккана, Дагъистаналда туристазе хIажатханазул проблема бугин гьелъ аби. Гьелъул ракIаби цIакъ гIочIода чIван, ахIи бахъинабун, квеш къабул гьаруна цо-цо дагъистанияз.

Гъун-чIван гьал туристал Дагъистаналде рачIиналъул гIиллаги бичIчIулеб жо буго – коронавирусалда хурхун къватIисел улкабазде нухал къайги, учузаб багьаялде кигIан бокьаниги пихъ-мичI босизе рес букIинги. Рорхатал мугIрузги, гIурччинал рохьазги, гIоралгун-ралъадалъги, гьалбал хириял гIадамазги тIубанго хIайран гьарула гьел.

Нилъеда лъала гIадамазул рукIа-рахьин лъикIлъиязабиялъе, республикаялъул экономика цебетIезабиялъе туризмалъул бугеб кIвар ва гьеб рахъалда гьабулеб бугеб кIудияб хIалтIи.

Ниль хIадурал ругищ гьел туристал къабул гьаризейилан бачIунеб буго гьаниб суал. Киналъульго гIадин, гьенибги лъикIалги квешалги рахъал рукIиналда кинаб букIаниги щаклъи гьечIо. Гьеб бихьизабуна, гIадатияб туристалъул бадибчIваялъе, гIорхъолъа ун ццидалал жавабазги.

Гьеб киналъулго пикруялда йикIаго, щаялиго ракIалде щвана цодагьаб цебегIан Интернеталда цIалун букIараб цо бицен.

«Цебе заманаялъго вукIуна цо гIакъил, гIакълуялда хадур гIадамал жиндихъе хьвадулев. Гьес киназего кумек гьабулеб букIуна, гIадамаз гьесул адаб-хIурматги гьабулеб букIуна. Цо нухалъ цо жахIдачиясда ракIалде ккола, гьев гIемерал гIадамал ругеб бакIалда суризавизе ва гьесда тIад велъизе. Гьес тIубараб план ургъула гьелъие. «Дица кIалкIучI босила гьесухъе хъатинибги тIамун ва гьикъила, дир хъатиниб бугеб кIалкIучI чIагоябищ бугеб, хварабищилан? ГIакъилас чIагоябин абуни, дица дандеги къан хвезабун бихьила, ва гьав кутакав гIакъил мекъи кканилан абила. ГIакъилас хвараб бугин абуни, рагьун хъатгун гьеб боржине биччала, ва гьале нилъер кутакав гIакъил мекъи кканилан абила», - ян.

Гьедин гьабизеги гьабула. Ккун кIалкIучIгун вилълъуна гIакъиласухъе. Кинаб кIалкIучI дир хъатикь бугебилан суал гьес кьурабго, гIакъилас жаваб кьола «Кинабго дуда бараб буго», - ян.

ЦIакъ бокьилаан нилъедаги бичIчIани «Кинабго нилъеда бараб букIин»!

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:


### ЦО САХАБ ХАБАР РАГIУЛАРО... ..............................6




Цодагьаб цебегIан ГIалица бицана, цо беццав ва цойги кверал гьечIев, кIиго китайцасила щибаб къойил гъутIби чIолел ругила жидерго росдада сверун. ЛъикIаланго кIудияб рохь гIун бугила гьениб. Дун хантIан пикрабалъ цо гъутIби чIезе бегьулеб гIадаб бакI балагьизе лъугьана. Жеги батичIоха.


### АРАЛЪУЛ ПИКРУЯЛДА... ..........8




ХIалтIизе бажарулярезейин абуни немцаз кваназе жого кьолароан, гьел херчIахI, рохьоб батараб кун рук1унаан. Гьелда ракIалде щвана цо немцас жиндие ракIгурхIун кьураб конфета. КIудияб хIикматлъун букIуна гьеб гьелъие, къанагIатаб жо букIиналъ. Гьелда цебеса унеб гьечIо тушманасул согIаб, вахIшияб куц.


### ГIУМРУ БИЧIЧIИЗЕ, ЛЪАЙ БАЛАГЬИЗЕ ВА ДУНЯЛ БИХЬИЗЕ......... .......................10




Унго-унгояб божийин абуни, тIоцебесеб играялда букIине ккола, «бецIго БетIергьанасе бетIер къулун хъулухъ гьаби гуреб, Гьесул тIалабазул мурадги магIнаги бичIчIиялъулъ, гьелъул кIудияб хIажалъи бихьиялъулъ».

Мисалалъе, рачIа бихьинчиги чIужугIаданги БетIергьанас рижухъе, мурадалда рекъон цере чIезаризе... БетIергьанас бихьинчи хIатIудаса гьавун гьесда рухI лъун буго ва хадуй гьесул хьолбохъа гIучIалдаса лъугьинаюн йиго чIужугIаданги.


### ЧIАХЪАГИ ГIУМРУ! ..................34




2008 соналъ Аминатица цIунана онкогематологиялъул рахъалъ хвараб докторлъиялъулаб диссертация. ГIелмияв консультантлъун ккарав Андрей Иванович Воробьевас байбихьудаго гьелда абун букIана:

– ЗахIматаб тема буго, лъиданиги тIаде босичIо, бажаризе гьечIо, – ян.

– Бажаризе гьабила, – ян къокъго жаваб кьуна Аминатица гьесие, щаклъи жиндирго букIаниги. Гьелъул тIоцебесеб докладалъухъ гIенеккидал, Андрей Ивановичас абула:

– Унго щваравищ дун мурадалде?! – ян.



ГIажаибаб жо буго дунял. Азаркьераб. Ва, нилъеего гьеб рагьулелъул, гIадамазулгун лъай-хъвай гьабулелъул, щибаб нухалда щиб букIаниги цIияб жо лъала. Рижула цIиял пикраби, асарал ва гьеб киналъго хисардизабула рекIел хIал…

# ЦАДАХЪ БАТАРАБ ТАЛИХI

Лезгиязул Сулейман Стальскиясул цIаралда бугеб Пачалихъияб музыкалиябгун драматикияб театралъул директор Динара Эминовалъулгун ккараб дандчIваялъги цIияб ва лъикIаб асар бижизабуна. Гьей ятана гIадатияй, ракI гIатIидай, разияб гьумералъул, гIолохъанай гIадан. Гьелъ ниж гьираялда къабул гьаруна, бицана жидерго творчествоялъулаб гIумруялъул хIакъалъулъ. Нижергун дандчIвай гьабулагоги гьелъ къабул гьаруна цадахъ хIалтIулел, тIурана гьезул аслиял суалал, кьуна телефоналдаса кIалъаразеги жавабал. Гьедин кинабго цадахъ бачине бажарулей нухмалъулей Динара Мураддиновна ятиялъ гIажаиблъи гьабизе тIамуна ниж.

– Киноялъул цIва гIадинай гIадан йихьула мун! – абун хIикмат дица гьабидал, гьей гьимана.

– Аммаха, дица кидагIаги анищ гьабичIо театралда хIалтIизе. ЛъугIизабун букIана ДГУялъул «Финансы и кредит» факультет. КIиабилеб курсалдасаго байбихьана хIалтIизе, бокьун букIана лъидаго ячIейлъун йикIине.

I999 соналъ гIолохъанай специалист хIисабалда хIалтIизе лъугьана Федералияб казначействоялъул Дербенталъулаб Управлениялда. Гьений цин кассирлъун хIалтIана, хадуб кIудияй казначейлъун. БукIана лъикIаб гьоркьоблъиги ва ракIалде кколаан кидаго гьений хутIизе ятилин. Амма гIумрудулъ хиса-басиял ккечIого хутIуларо...

Динара гьаюна Москваялда. Гьелъул эмен Мураддин ГIабдулнатIифович хIалтIулев букIана Москваялъул цIех-рехазулал хъулухъазда. Эбел Гюльтават ТIагьирбековнайин абуни Москваялъул цо ясли-ахалъул заведующаялъун хIалтIилей йикIана.

– Эбел-эмен ккола Курахалдаса, – ян абуна Динараца, – амма росаби батIи–батIиял руго, эмен кулларалълав, эбел аглобиялъулай. Дида лъалелдасаго гьезул лъималаздехун балагьи кIудиял чагIаздехун гIадинаб букIана. РакIалде ккола гьеб гьезул тарбия кьеялъул къагIида букIун батилин: вас кинидасаго – бихьинчи, яс – хозяйка абураб. Диеги щвана унго-унгояб магIарухъ букIунеб гIадинаб тарбия ва гьелъ киналго захIмалъаби къезаризеги, къварилъаби хIехьезеги кIудияб кумек гьабула. Дие Москва бокьула, гьаюраб ва гIураб шагьар хIисабалда ва гIемерай гьениеги щола. I993 соналъ ниж ватIаналде тIадруссана.

– Микьго класс Москваялдаги лъугIизабун, Дербенталъул школалде ячIарай дихъан бажарана класс-цоязулгун гIаммаб мацI батун, – ян гьимана Динара.

Гьеб хиса-басиялда бан Динарал гIумруялъулъги гIемераб жо хисана. Гьелда бичIчIана гIагаразул, гьудул-гьалмагъзабазул жиндехунго бугеб рокьи, гьуинлъи, тIалаб-агъаз.

– Нилъер гIадамал ракIал гIатIидал, гьобол хириял ругелъулха, – абун гьимана Динара, – гьединго бокьула нилъее гIаммаб рукъги, сундулъго ратула цоцазе кумекалъеги…

Гьелда ракIалде щвана театралъулгун гьоркьоблъи кин ккарабалиги.

*– Дида лъалеб букIана гIагараб театралда тIураларел суалал гIемерал рукIин, гьединлъидал директорлъун теялъул хабар баккидал дун лъикI ургъана ва росасулгун дандбана. Дун дагъистанияйлъидалха, хъизаналъул разилъи аслияблъун буго дие.*

Заур Эминович гьелъие гIицIго хирияв рос гуревги, мугъчIвалеб хIубилъунги вуго. Цадахъ рарал соназ гьел ракIги пикруги гIагаралльун гьарун руго. Жал цоцазе рижарал рукIун ратизе кколилан абуна Ди-

нараца, хъизан лъугьанила бачIинахъего щулияб ва къого соналда жаниб щибгIаги рагIи дандеккунгутIиги букIинчIила.

Гьев вукIана Дербент шагьаралъул администрациялъул бетIерасул заместительлъун, жакъа Заур Эминовичас нухмалъи гьабулеб буго республикаялъул мал-мулкалъул министерствоялъе.

Росасул рахъкквеялъги гьелъул таваккал гIуна театралде хIалтIизе ине. Коллективалъги гьей рохалида къабул гьаюна.

– Дида лъалеб букIана театралда гIемерал хисабасиял гьаризе ккезе рукIин, – ян бицана Динараца. – Коллективалъулгун букIараб тIоцебесеб дандчIваялда дица лъазабуна гьезул киназулго кумек гьечIого дихъа щибгIаги бажаризе гьечIин. Гьезда дун йичIчIана ва хIасилалги рихьулел ккана.

Жинца бицараб жо битIараб букIин бихьизе директоралъ дун ячана театралъул киналниги залазде, гьединго техникияб рахъалъ цIигьарурал кабинетазде, костюмал рукъулеб бакIалде ва художественияб мастерскаялде. Рихьана гьенир лъикIал ва квегIенал шартIал гIуцIун рукIин, хIатта, къваригIараб мехалда кумекалъе ахIулел режиссеразе рега-рахъине рукъалде гIунтIунги.

Кинабго гьебги театралъул магIишаталъул гьитIинаб бутIалъун кколеб буго. Дица гьелда гьикъана директоралъулги творчествоялъулги хIалтIуда гьоркьоб бухьен бугищилан. Динара Мураддиновнаялъ





жаваб кьуна гьеб кIиябго рахъ цоцазда бухьараб, ай цоцаздаса тIей гьечIеб бугилан. Театралъул бетIерав режиссер Казбек Думаев, творчествоялъулаб цIех-рехалда вукIиналда бан, цIиял авторал, гIолохъанал ва гьунар бугел режиссерал ралагьиялъул ишги жидеца цадахъ лъугьун гьабулила.

– Театр, хIакъикъаталда буго рухIиябгун яхI-намусалъул хIубилъун, гьелда сверухъ гIола культураялъулаб ахIвал-хIал, – абун бицана Динараца. – Абизе кIоларо гьанже заманаялда москваялъул чIахIиял театразул сценабазда лъолел спектаклязги дун хIайран гьаюлилан. Гьезул гIемерисез, бахунеб хайиралъул хIисабги гьабун, гьадингосел жал лъола, критиказда бичIчIулеб гьечIилан гIайибалги гьарула.

Театр культураялъул рукълъун букIине ккеялда кIудияб божи буго Динара Мураддиновнаялъул. Гьезул театралда постановкаби лъолел руго жидерго режиссераз ва гьединго дагъистаналъул театралъул гьунарчагIи С. Тулпаровас, Б. Джумакаевас, Д. ХIабибовас, ГI. Батировас. Киналго гьел постановкаби хIадур гьарулел руго «ГIисинал шагьаразул театрал» абураб федералияб подпроекталда рекъон.

– Нижер рес буго Россиялъул регионаздасаги режиссерал ахIизе, – абун бицана директоралъ. – Ишалъе квербакъулеблъун ккола къватIисел улкабазул театразулгун бухьен гьабизе бегьулеб букIинги. Гьедин нижеца спектакль лъуна Н. Думбадзел «Дунги, кIодоги, ИликIо ва Илларионги» абураб къисаялдасан. Ингушазул режиссер М. Барозкиница хIадур гьабуна Б. Шадыжевасул «Меседил укол» абураб асаралда спектакль.

ГIатIидабги бечедабги бугоан театралъул творчествоялъул рахъ. Актерал руго гьеб махщел ирсалъе щваралги, хIалбихьи бугелги, гIолохъанал рукIаниги, бажари гьунар жиделъ загьирлъаралги. Гьезул гIемерисезе щун руго хIурматиял цIарал, дипломал, грамотаби.

Динара Эминовалъ бицана гьанже жидер театралда ругила ДГУялъул актерлъиялъулаб факультет лъугIизабуралги, гьединго машгьураб Щукинскиясул театралияб училище лъугIизабуралги специалистал. БачIунеб соналъ гьеб училищеялда рагьизе бугила лезгиязул театралъе актерал хIадур гьариялъул хасаб курс. Театралда спектаклял унел руго залги цIун.

Дица гьелда гьикъана гьанже заманаялъулаб театр кинин дуда цебе чIолеб абун.

– Гьеб букIине ккола конкуренция хIехьолеб, – ян абуна директоралъ, дагьайго ургъизеги ургъун. – Ралагьаразда лъазе кколаро тахшагьараздаги гIисинал шагьараздаги ругел театразда гьоркьоб кинабниги батIалъи.

Гьединго дица гьелда гьикъана вукIунищин жиндие гIоло гIемераб хIаракат бахъизе кколарев зритель, яги щибаб нухалда актерас жиндирго даража борхизейищ гьабизе кколеб абун.

– Гьедин гьечIони искусствоялъул мурад кинабха букIинеб? – ян данде суал кьуна гьелъги. – Гьединаб гара-чIвари нижер гIемераб ккола театралъул коллективалда гьоркьобги ва дица чара гьечIеблъун рикIкIуна, актер театралде рачIаразул культурияб бичIчIи борхуледухъ хIалтIизе ккей. Гурони творчество цебетIоларо…

Театразде киналго хьвадула. ЧIахIиялги, гьоркьохьеб ригьалъулалги, гIолохъабиги, ва гьелъул хасаб кIварги буго. Ахираб заманаялда нижер коллективалъул лъикIаб гьоркьоблъи буго москваялъул гIолохъабазул театралъулгун (РАМТ) ва хIаракат бахъулеб буго гIолохъанал зрителазулгун хIалтIи гIуцIиялъул лъикIаб хIалбихьи лъазабизе.

Динара Эминовалъ рикIкIунеб буго «Культура» абураб проекталъ театрал церетIеялъе лъикIаланго кумек гьабулеб бугилан. Гьанже бокьараб театралъул творчествоялъулаб коллективалъ, хIалбихьи щвеялъе, жидерго актерал ритIизе бегьулел руго Санкт-Петербургалде, Москваялде, Краснодаралде. Гьанже театразул буго нилъер заманаялъулаб оборудование ва ралагьаразул рес буго лъикI рагIизеги, берцинго бихьизеги. Пачалихъалъул рахъалдаса гIарцулаб кумек букIиналъ рес кьола кIиго нухалда цIикIкIун спектаклял лъезеги. Лезгиязул театралъул щулиял бухьенал лъугьун руго театралияб рахъалда хIалтIулел гурхIел-рахIмуялъулал гIуцIабазулгун. Гьединлъидал актеразе рес щола жидер сахлъи лъикIлъизабиялъе бищунго лъикIал санаториязда хIухьбахъи гьабизе – Сочиялда, Калининградалда, Кисловодскиялда, Железноводскиялда, гьединго гьезие щола лъикIал дарабиги, кванил нигIматалги. Гьединаб хIалтIи гьабула Россиялда машгьураб, искусствоялъулал гIадамазе кумекалъе, Россиялъул цIар рагIарал актерал Евгения ва Мария Мироноваз, Игорь Верникаца, Леонид Ермольникица цадахъ лъугьун гIуцIараб «Артист» абураб фондалъ.

– Рокъосеб хIалтIуде регIулищха? – ян гьикъана дица.

– РегIула ва тIубанги бажарула, – ян абуна Динара Мураддиновнаялъ. – Нижер хъизаналда щивасда жинда-жинда тIадал ишал лъала ва тIуразарула. Киназулго буго хIалтIул график. Нижер вас ШихахIмад Эминов ккола Саратовалъул юракадемиялъул студент, медалист, отличник. Яс Алия цIалулей йиго лъабабилеб классалда. Хъизан нижер лъикIаб буго ва цадахъ талихIаллъунги руго…

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



# Дагъистан чIухIарал магIарул ясал

ГIахьвахъ районалъул Лологъонилъ росулъ гьаюрай ва гIурай Марзиятил гIумру ана Хасавюрт районалъул Къамышхъутаналда. Исана 40 сон тIубана гьелъ гьеб росдал гимназиялда авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалимлъун хIалтIизе лъугьаралдаса.

Гьаюна гьей учительзабазул хъизаналда. ЛъугIизабуна ДГПУялъул филологияб факультет. Хъизаналда вугоункъо Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав мугIалим. Жийгоги гьей ккола Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай мугIалим, РСФСРалъул халкъияб лъайкьеялъул отличник. Марзият ккола тIоцее «Бищун лъикIай рахьдал мацIалъул мугIалим» абураб цIаралъе мустахIикълъарай гIадан. Цо чанго нухалда лъикIаб хIалтIуе гIоло гьей мустахIикълъана Президентасул грантазеги.

Дагъистаналъул гIорхъи бахун къватIибегицин машгъураб Къамышхъутаналъул гимназиялъул тарихиябгун гIагараб ракь лъазабиялъул музей рагьаралдаса нахъе гьелъул директорлъунги йиго Марзият Хангераевна. Гьелъул бетIерлъиялда гьоркь музей мустахIикълъана «Дагъистаналъул бищун лъикIаб школалъул музей» абураб цIаралъе.

Марзият нилъеда лъала чанго авар мацIалъул ва авар адабияталъул методикиял тIахьазул авторлъунги.



**Марзият Хангереевна**
**ГIАЛИЕВА**

Хъазанбиева Шамай Расуловна гьаюна Хунзахъ районалъул ТIануси росулъ. ЛъикIал къиматазда гIагараб росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьей гьебго сонаб ДГПИялъул филологияб факультеталде цIализе лъугьана. I984 соналдаса нахъе хIалтIана ТIануси росдал школалда гIурус мацIалъул ва адабияталъул мугIалимлъун. Гьений хIалтIулаго мустахIикълъана «Россиялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан» абураб цIаралъе, Россиялъул лъайкьеялъул министерствоялъул ХIурматияб грамотаялъе, гьединго щвана Россиялъул Президентасул грантги.

ГьабсагIаталъ Шамай Хъазанбиева хIалтIилей йиго «ХIакъикъат» газеталъул мухбирлъун. Гьелъул бечедаб мацIалдалъун ва берцинал накъищаздалъун хъварал макъалаби цIакъ рокьула цIалдолезе. Гьединго гьей йиго МахIачхъалаялъул II гимназиялда авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим. Шамай Расуловнаялъул цIалдохъабаз санайил росула къецазулъ бергьенлъаби. 20I9 соналъ республикаялъул «Рахьдал мацIалъул бищун лъикIав учитель» конкурсалда гьелъ ккуна 2 бакI.



**Шамай Расуловна**
**ХЪАЗАНБИЕВА**

Махиева Баху МухIамадовна гьаюна ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росулъ, хъулухъчиясул хъизаналда. КIаратIа гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, I984 соналъ гьей лъугьана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институталде (ДСХИ), ветеринарияб врачлъун цIализе.

I990 соналдаса 2000 соналде щвезегIан Баху МухIамадовна хIалтIана ГIахьвахъ районалъул ветеринариялъул Управлениялда ветеринарияб врач-терапевтлъун ва 2000 соналдаса – вирусологиялъул отделалъул (ПЦР) нухмалъулейлъун.

ХIайваназул ва хIанчIазул унтаби нахъчIвазе гьабураб кIудияб хIалтIухъ Баху МухIамадовна мустахIикълъана «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай ветеринар» абураб цIаралъе ва Росдал магIишаталъул министерствоялъул грамотаялъе.

20I2 соналъ Баху МухIамадовнаялъ цIунана ветеринариял гIелмабазул кандидаталъул диссертация. Бахъана гIелмиял журналазда 23 макъала, биччана цо монография. ФГБНУ «ФАНЦ РД» ялъул филиаллъун кколеб ПЗНИВИ ялъул тIадегIанай гIелмияй хIалтIухъан Баху МухIамадовна мустахIикълъана гIемерал баркалабигун шапакъатазе.



**Баху МухIамадовна**
**МАХИЕВА**

*Ниж чIухIула нужедаса!*





# Цо сахаб хабар рагІуларо…

«ЛъикІалдасан – лъикІлъи, квешалдасан – квешлъи»

*МагІарулазул кици*

**ГІашура:** Вааааай, вай, гьаб щиб заман, яц, щиб заманалъул гІадамал? Цо сахаб хабар рагІуларо! Щай нилъеда лъазе кколеб дунялалда бугеб щинаб къварилъиги, чороклъиги, къваригІел гьечІеб щинабги? Сундуе гІоло гьеб кинабго нилъеде тІаде тІолеб бугеб? Нилъ рохизейищ, лъикІлъизейищ, лъикІал пикраби рижизейищ? Дунялалда лъикІаб хабаргойищ яц, Меседо, гьечІеб?

**Меседо:** Дица къана гьеб рогІоро. Бахъун рехана вайгьайги, свинабуна телевизорги. Дуцаги гьедин гьабе.

**ГІашура:** Бадисан ракканаха гьадал пустгаваряталги детектор-метекторалги. Телевизоралдасан гьадабгощинаб чороклъи къватІибе чІвазегІан, дида ал гІурус ракбалдаги жоги ругел гІадамал «нармални» чагІи ругилан кколаан. Культураги бугел, тарбияги бугел, рацІцІа-ракъалъиги бугел, нилъедагицин хьвада-чІвадизе малъарал чагІи ругилан йикІунаан дун. Эдин малъун букІанаха гьитІинаб мехалъ. Лениндадаца ошколалги рагьун рукІинчІелани, гІурус учительницабаз лъайгун гІакълуги кьун букІинчІебани, нилъ хьвай-цІалиго лъаларел, бецІал гІадамал рукІунаанилан. Гьереси букІун буго гури доб…

**Меседо:** Уха, яц, гьаб телевизоралъ кинавго чиясул гІурусаздехун букІараб лъикІаб пикру хисизабуна. КІудиял шагьаразда лъайги тарбияги щварал яги наслабиго цІодорал рукІарал интеллигенциялъул чагІи лъикІал ратаниги, нилъеда бихьулеб бугоха рикІкІадал росабалъ гьезул бугеб яшав. Чорклъиялъулги язихълъиялъулги къарал, гьекъолеб жоялъул гурони ургъел гьечІел, гІадамаздаго релъълъинчІел чагІи… Мехтарал ригьунарел, яс батІалъи гьечІого, яц батІалъи гьечІого, эбел батІалъи гьечІого бихьинал… Рос батІалъи гьечІого, росу батІалъи гьечІого руччаби… Хадур лъилали лъаларел лъимал… Щибаб каналалда, ригьарал лахІзатазда рачІарал щакдарабазе, ДНКги хІалае ккун, жавабал ралагьулел передачаби… БитІараб бицани, дидани ккола нилъер боцІи-панзалъулго берцинаб яшав бугилан.

**ГІашура:** Киналго гьединал ратичІого букІинеги бегьула гьел. Амма нилъеда жиб-жиб къойил бихьизабулелъул хІисаб гьабуни, гьелеха цебе чІолеб сурат. Бицеха, Меседо, щай нилъеда лъазе кколеб киялиго Сибиралда йигей Катяе лъидасан ккаравали лъаларев вас гьавун вукІин ва щаклъи букІин инсудаги, вацасдаги, ункъавго имгІаласдаги, щуявго инсул гьудуласдаги, анлъавго мадугьаласдаги, киналго классцояздаги??? Гьеб мехалда, гьей Катяги йиго, кІудияб бахІарчилъи жинца гьабураб гІадин, гьимгьимиялда йосун, ячІун студиялдегун, ккараб-таралъул ва цо-цо йигьараб мехалъ жинда ракІалда чІарал жал рицуней. БахІарчилъи гьелъ гьабун букІинчІебани, дунялалда бищун кІудияб пачалихъалъул, бищун аслияб тІоцебесеб каналалда, бищунго гІадамал ралагьулеб заманалда унеб передачаялдайищ гьей йихьизайилей йикІарай?

**Меседо:** Гьарай-мадад! Гьелдасайищха гьанже нилъер лъималаз мисал босизе кколеб? Нилъ гьитІинаб заманаялъ бахІарзал рукІана тІубан батІиял чагІи: рагІул церехъаби, хІалтІул церехъаби, цІалул церехъаби… Гьанже гІабдалзаби кколел руго бахІарзал… Вууу гьай, гьабилеб дарман щиб, риди тІаде ккараб, тІорахь гъоркье ккараб замана…

**ГІашура:** Меседо, цо дица пикру гьабулеб жо бицинищ? Гьадал Москваялда кІуди-кІудиял хъулхъаздаги ругел, дунялалъего тарбия кьезе цереги рахъунел чагІи, ичІго классги лъугІун росасе кьуралдаса, гъоркьа хІатІида гьумерги релълъун, колхозалъул хурзабахъ гІумру арай дида бугеб гІанасеб гІакълу гьечІогодай рукІунаян. Гьадал мекъаб нухалъ унел «бахІарзазда», телевизоралдасангІаги берцинаб (бечедаб гуроха – берцинаб) ва битІараб гІумру бихьизабулеб букІарабани, цо-цогІаги чи, гьебги берцин бихьун, битІараб нухде рачІиналде хьулгІаги букІинаан. Щиб мурадалда доз пачалихъ дунялалда суризабулеб бугебали Аллагьасда лъалаха.

**Меседо:** БитІарабха, яц. Гьезухъ гІенеккани, щолеб-толеб жоялъул пикруго гьабичІого, гІумру лъималазе

лъай ва тарбия кьолаго арал унго-унгоял учительзаби, гIадамазул гIумру хвасар гьабулел ругел врачал – гьадингоял чагIи, гIадамазул гIумру цебетIеялъе гIелмуялда тIад хIалтIулел гIалимзаби, гIадамал кваназе нигIматал гIезарулел рекьарухъаби, хурухъаби, агрономал, ахихъаби – чIандачагIи, рукъзал ралел чагIи, гьецIо бахъулел, кирпич къотIулел, чабах бачулел чагIи - гIабдалзаби… Гьай Катяца гьабуралде бахунеб бахIарчилъи гьел цонигияз гьабун гьечIоха, гьединлъидал хIукуматалъги цониги передачаялда гьезул бицунаро.

**ГIашура:** Гьалъул гурищха дицаги бицунеб бугеб? Дуцаго хIисаб гьабеха, Меседо, жиб-жиб къойил, кIикъоялда анцIила щуго квешаб хабар хIенсолеб ракI квешлъулебищ букIунеб, лъикIлъулебищ, согIлъулебищ букIунеб тIеренлъулебищали.

Гьеб цо рахъ. КIиабилеб босани… Нилъ, чIахIиял чагIи, квешаб-лъикIаб батIабахъизе лъалел чагIи рукIиналъ, нилъее цо кIудияб зарал гьабичIого букIинеги бегьула гьеб тIаде чваххулеб бугеб, ракI гьанцIулеб, чороклъигун вахIшилъи жубараб хабаралъ. Лъимал? Лъималазул ракIал? Гьеле дие бугеб ургъел! Дол щиб гьабулелдай ругел? Данде рагъилелдай ругел? ЛъикIаб, букIине кколеб жо гIадиндай къабул гьабулеб бугеб? КIудиял чагIаздагицин киназдаго гуро квешаб-лъикIаб батIабахъизе лъалеб. Лъималазда гIайиб щибха, пачалихъалъ жидедаса мисал босизе кколел чагIи кинал рукIунелалиги бицунеб букIаго….

Вуйгь, ав Муса рокъовищ вукIарав? Нильго гурев чиги гьечIилан бицун тараб щинаб хабааар…

**Муса:** Уха, гьапулльун ватана гьадав. Амма дида рагIараб бакIалдаса гIебеде, цониги тарараб жо букIинчIебха, ГIашура, нужер хабаралъулъ. Дунги разияв вуго нужеца бицунелда. Меседоца гьеб телевизоралъул пульт тIагIинабуралдасаги таманаб заман буго, тIагIарабго лъикIилан дунги вуго.

КигIан гIодой биччарабги рохьдолъ цо гIачIиххараб хIайван камуларелъул, цо-цогIаги ракъ унтизабулеб жо ккечIого кибниги хутIулеб батиларо. Нужее талихI кьегийин, битIуге нужер хъизаналда, тухумалда, росулъ, районалда, шагьаралда, республикаялда ккараб ишалъул рокьукъаб хабар къватIибейилан ахIи базе къваригIун буго, киназдаго рагIуледухъ. Жанибго битIизабе ва тIокIаб такрарлъулареб ва лъидаго рагIулареб хIалалъ лъугIизабизе бегьула гури гьеб. Гьеб киназдаго лъазе кколеб ва цойгидаз мисал босизе кколеб жо гурелъул. Лъазе ккола мисал босизе бегьулеб лъугьа-бахъин. Гьеле гьеб тIибитIизабизе ва бищун борхатаб магIардеги рахун ахIи базецин ккола. Щиб лъалеб, лъикIал мисалазул пайда цогидазеги букIине бегьулелъул.

**Меседо:** ГIун бачIунеб гIел батIияб бугилан зигардула нилъ. ГIайибиял щал? Сунца лъалъан дол кIудиял гIолел ругел? Кинабго нилъер гIайиб! Лъица гьукъун бугеб нилъер дагъистаналъул телевидение, жинца гьадинаб передача бихьизабизе бугилан телевизоралъул бокIнилъан Малахов ваккигун, валлагь вац ГIандрей, баркала дуе кIудияб, амма гьеб дуца бицунеб гIала-гъважаялъул нижее гьечIеб ургъелхайилангиабун, нилъерго мисалиял дагъистаниял ва гьез гьарурал пайдаял ишал рихьизаризе? Дагъистаниялги рукIине ккеларо кидаго, бокьараб, дунялалда бугеб лъикIаб, пайдаяб иш бихьизабеха. Телевизоралдасан щибниги жо бихьизабилалде, гьаб передачаялъул мурад щибдай ва сундуе гIоло бихьизабулеб жодайилан суалго бачIунаребдай дозул?

**Муса:** БачIунебго батиларо… Цодагьаб цебегIан ГIалица бицана, цо беццав ва цойги кверал гьечIев, кIиго китайцасила щибаб къойил гъутIби чIолел ругила жидерго росдада сверун. ЛъикIаланго кIудияб рохь гIун бугила гьениб. Дун хантIан пикрабалъ цо гъутIби чIезе бегьулеб гIадаб бакI балагьизе лъугьана. Жеги батичIоха. Гьеб гуро аслияб. Аслияб жо буго, дир ботIролъ гьединаб пикру бижи ва нагагь санагIалъи ккани, дицаги гъутIби, тIугьдул, хьархьал чIезе ва сверухълъи берцин гьабизе хIаракат бахъизе букIин.

Гьединго, кIудиязецин асар гьабулеб лъикIаб мисалалъ, лъималазе дагьабги кIудияб гьабула асар. ЛъикIаб бихьизабуни – лъикIалда тIад ургъула лъимал, квешаб бихьизабуни – квешалда тIад ургъула. Квешаб гуреб мисалго сверухъ гьечIони, лъикIал пикраби рижизего рес бугищ? Квешал пикрабаз цIураб ботIрол бетIергьанас лъикIаб иш гьабизе рес бугищ? Лъаларо… лъаларо…

Меседо, тIея цо чай… чан тIубан аб бугебали…

**Меседо:** Лъималазда расги гIайиб гьечIо, валлагь! Нилъ, чIахIиял руго гIайибалъул бутIрул! ГIашура, цеегIан къай, къасиго режун рукIарал цIурачадалги ругин…

**Баху МУХIИДИНОВА**





# Аралъул пикруялда…

**Гьаб цо гIумруялъул гIажаиблъи. РакIалдаго гьечIого кколел лъугьа-бахъинал рухьинарула гIадамазул къисматалда ва гьел рукIуна ургъун рахъизеги захIматал.**

Гьале, Александра Григорьевна Темировалъулгун лъай-хъвай ккедалги ургъулей йикIана дун, кисадай гьай, гьумер-сипат дагъистаниязда релълъарай гIаданилан. Бералги чIегIерал руго, гьурмал релълъинги буго, хIатта акцетгицин рагIула…

– Дербенталдаса, – ян махсаро гьабуна гьелъ.

МугIрузул ракь гьелъие гIагараблъун лъугьун буго, гьаниб батун буго рокьи, гьарун ва гIезарун руго ункъо лъимал. Гьелъ бицана росасулгун жиндир лъай-хъвай ракIалда гьечIого кканилан. Краснодаралъул квен-тIехалъул техникумалда цIалулей йикIарай жий практикаялъ йитIанила Дербенталде. Шагьарги жиндие бачIинахъего бокьанила: хинаб бакъги, хIеренаб ралъадги, бацIцIадаб гьаваги, гьобол хириял гIадамалги ругила гьенир.

– ХIусение дун йихьарайго рекIее гIуна, нижеца гIумруги цоцазда мадугьалихъ гьабулеб букIана. ХIинкъун вукIунаанила лъица йигониги дун къварид гьайиялдаса. Унго-унгояб лъай-хъвайин абуни нижер кьурдулеб бакIалда ккана. Гьес дун яхъинаюна ва рокьиги басандана. Халатаб заманаялъ хIалбихьана нижеца рокьул. Гьев хIалтIулев вукIана депоялда ва гьенисан витIана армиялде. Амма нижеца кагътал гьоркьор къотIизе течIо. Гьес хъулухъ Ленинградалда гьабулеб букIана. Дун гьеб заманаялда хIалтIулей йикIана Псковалда.

Росасул эбел-инсуе бокьун букIана жидерайго ячине. Гьесул эмен ккола иранав, эбел азербайжанай. Амма гьел разилъана васасе рекIее бокьараб гьабизе. Дицаги хIаракат бахъана гьезие яслъун йикIине. Дагъистанияз тамахлъизабуна дир ракI ва гьединго бокьана шагьарги. Доб заманалда гIадамалги батIиял рукIана, ракI рагьарал, аваданал…

Псковалда рукIаго гьезие гьаюла тIоцеесей яс Гуля. Гьанже гьей гIумру гьабун йиго Белгородалда, Шуховасул цIаралда бугеб, техникияб университеталда мугIалимлъун. Яс Аида ДГПУги лъугIизабун хIалтIулей йиго шагьаралъул социалияб рахъалъ гIадамазе хъулухъ гьабиялъул управлениялда. Гьелъулги йиго гIурай яс. Гьей цIалулей йиго Астраханалъул архитектуриябгун строительнияб университеталда. Эбел-эмен разиго руго васаздасаги. Вадим хIалтIулев вуго дербенталъул цо карьералда. Эдуард ккола токарь. Руго лъималазул лъималги. Жидер хъизан кIудияб бугилан абун гьимана Александра Григорьевна, росасулги жиндирги анищ букIанила гIемерал лъимал ва гьел мустахIикъаллъун гIезариги.

–…Амма дирги букIана лъимерлъи, – ян абуна гьелъ. Гьаюна Брянщинаялда. РакIалда буго, дора рукIарал кутакалда ризал, ччоборал рохьал, гьенир къосинеги рес букIана. Ниж рукIараб бакIалда аскIосан унаан маххул нух. Рагъ байбихьараб заманаялда ниж долдаса гIемер рикIкIада рукIинчIо. ГIадамаз гьелда Клетненскаян абулаан. Гьенибе щвезегIан бачIунаан Мамаевкаялъул маххул нухлул гIаркьел ва гьелъул тIарада букIана Дедня абураб поселок ва станция. Гьанже гьеб поселокалъул хутIараб жого гьечIо ва маххул нухги бахчун буго. ГьечIо дол гучал рохьалги. Немцаз гьеб ракьалда цIа бакана ва ракь жужахIалде сверизабун букIана. БухIана поселок, маххул нухда аскIоса гIебеде рукIарал киналго минаби ва гьеб мехалда байбихьана партизаназул багъа-бачариги. Ниж лъималазе гьеб кIудияб хIинкъи букIана ва кидаго кIочонги течIо.

Гьеб ракIалде щвезабулаго, Александра Григорьевнаялъул бадисан магIил гарал гирулел рукIана.

Доб заманаялъ машгьураб «ГIасиго хъудулеб брянскаялъул рохь» абураб кечIги букIана, гьеб гIасияб рагъулъ хварал-чIварал миллионал гIадамазул ва гьезул къисматазул хIакъалъулъ ах1улеб.

– Вай, букIараб хIинкъи, – ян бицана гьелъ хадубги, – фашистаз гIадамал Клетня абураб поселокалда бараб концлагералде гъолел рукIана. Ккана гьенире нижер гIагаралги: ункъачо Дуня ва вацгIалзаби – Алексейги Николайги. ТIокIалъ рихьизеги рихьичIо. Доб заманалда немцаз хIалтIизе бажарулевщинав чи Германиялде хъамулел рукIиндалха. БукIараб кIудияб къварилъи балагь… ХIалтIизе бажаруларезейин абуни немцаз кваназе жого кьолароан, гьел хер-чIахI, рохьоб батараб кун рукIунаан. Гьелда ракIалде щвана цо немцас жиндие ракIгурхIун кьураб конфета. КIудияб хIикматлъун букIуна гьеб гьелъие, къанагIатаб жо букIиналъ. Гьелда цебеса унеб гьечIо тушманасул согIаб, вахIшияб куц.

Лагеразда рукIарал, къечалъ рухI босулеб бугониги, аскIоб бугеб хIорил лъим гьекъезегицин риччалел рукIинчIо немцаз. Партизаназул



ракьиланги абун, фашистаз гьениб кутакаб вахIшилъи гьабулеб букIана. ХIинкъи кидаго букIунаан, къаси рахIаталда кьижизеги кIолароан. Гьенисан нахъе унелъул немцаз гIадамал цадахъ рачун ине байбихьана ва гьедин арал тIокIалъ тIадруссинчIо. Гьелда ракIалде щвана партизанал чIвалеб куц бихьизе гIадамал кинан ракIарулел рукIаралали. Гьел рахчаралин абуни жидерго азбаразда кварида ран ратулаан. Лъимал толароан гIодизе, гIодани чIвалин абун хIинкъиги кьолаан.

Заманалдасан гитлерилаз байбихьана риха-хочун нахъе къазе, багIараб армиялъ киналго фронтазда гьужум кутаклъизабуна. Тушманасул брянскалъулаб рахъалда бугеб къуватги чучлъизабун, советиял аскарал, бакъбаккудехун ана ва тушманасухъ рукIаралщинал бакIал эркен гьаруна. Гьеб операциялъул кIудияб кIварги букIана рагъулаб ахIвал-хIалалъе. Гьениб нилъер армиялъ бихьизабуна кутакаб къуват, гIадамазул къадар дагьаб букIаниги. Гьеб бихьана тIолабго дунялалдаги. Гьелдаса хадур лъугьана БакътIерхьул улкаби Германиялде данде Европаялда кIиабилеб фронт рагьизе. Нижин абуни талихIалъ чIвачIого, хвечIого хутIана, лъабго яцги, кIиго вацги, эбел-эменги.

Эмен рагъухъан вукIана ва офицерасул чиналдеги вахана. Доб заманаялда букIараб щинаб ракIалде щведал гьанжеги ракIгъанцIула. Нижер вац – ядернияв физик Владимир Башлыковасда, кигIан заман аниги доб вахIшияб рагъул балагьал цереса унаро. Дидаги ракIалде щола, цIорораб хасало, хIатIида гIицIго, гIорцIизегIан квине жоги гьечIого, школалде хьвадулеб рукIараб заман. Эбелалъ хьитал хьухьун рахъунароан нижее, цоял лъугIилалде цогидазул холел рукIиналъ.

– ЗахIматаб мех букIана, ракъикъеч гIемераб хIехьана, – ян бицана Александра Григорьевнаялъ. – Лъалищ, дихъа бажаруларо рагъул хIакъалъулъ фильмазухъ балагьун, гIодичIого чIезе кIоларо гьел рихьидал. Гьединлъидал жакъаги абула: рекъел цIуне, гьеб бищунго къваригIараб буго ракьалда.

Александра Григорьевна гIумруялъ хIалтIана дербенталъул карьералда бухгалтер – кассирлъун. Гьелъ абулеб буго гIумруялда лъикIал гурони гIадамал дандчIвачIила жиндаян. Дида бичIчIухъе гьей жийгоги йиго ракIги лъикIай, гIамалги берцинай, гIадамалги рокьулей. Дица гьелда гьикъана Бряншинаялде (гьанже Орловск область) цIаларищин ракIалъ абун. Гьей лъикI ургъана ва жаваб кьуна:

– Дуе бичIчIизе захIмалъизеги бегьила, амма Дербент цохIо дие гIагараблъун лъугьин гуребги, гьанир гьаруна нижер лъимал, руго щугоял лъималазул лъималги, лъабгоял гьезулалги ва киналго гьел рижараб ракь гьаб буго. Гьанир лъаларел гIадамалги гIемерал ратуларо, киназго салам кьола, сахлъи гьикъула. КигIанха рукIинел ракIалде щвеялги. Ниж ресалда рукIинчIо, амма талихIалъун рукIана. ХIалтIиишалдаса хIинкъичIо, бетIербахъи бажарухъе гьабуна. Гьеб кинабго ккола гIумруялъул къимат гьабиги, гьеб данде бильлъинги. Жакъа гIадамазул гIумру бигьаяб гьечIо, – ян абуна гьелъ. – Киналго ретIунги гIорцIунги ругин кканиги, рохел рекIелъ бихьуларо.

– Щибха гьанже гьабизе кколеб? – абун гьикъана дица, гIумру бихьарай гIаданалда.

– Намусалъ малъухъе гьабизе ккола гIумру, – ян абуна гьелъ, – гIадамал рокьизе ккола, кумекалъе хIадурго рукIине ккола, ракI гIатIидго рукIине лъазе ккола. Гьел рукIана ва рукIине руго гIадамазе кидаго хIажалъулел ва талихIаллъун гьарулел гIамалал. ХьантIиги бахиллъиги рикIкIад гьабун тезе ккола, гьез гIадамал хвезарула.

Ветераналъ бицараб ракIалъги гIакълуялъги къабул гьабула. ГIолохъанал гIелазда лъазе ккола нилъер умумузул бахIарчилъиги, гьунарги, гьезул ВатIаналде букIараб кIудияб рокьиги. Дир героинялъ абуна рухIияб бечелъиги ВатIаналде рокьиги гьечIони, тарбия лъикIаб щоларилан. Гьелъулъ бихьулеб буго хералда нилъер букIинисебги, лъималазул талихIги. Гьелъул лъималаз ва гьезулги лъималаз гIахьаллъи гьабулеб буго «Хвел гьечIеб полк» абураб акциялда ва кидаго кIочонеб гьечIо ВатIаналде рокьиги хириял бакIазде хIурматги гьитIинго бижизабизе ккколеблъи. Александра Григорьевнаялъ жийго рикIкIуней йиго КIудияб ВатIанияб рагъул ахирисей рагъухъанлъун. Гьелъ абуна цебесеб, букIараб кIочене бегьуларила, гьеб гьечIони букIинесебги батуларилан. Жакъа гьелда цадахъ руго лъималги, лъималазул лъималги, гьезулалги…

***Гьел киназулъго херalда бихьулеб буго жиндирго букIинисеб ва гIемер гьабулеб буго аралъул пикру.***

**ГIАЙШАТ ГIАБДУЛАЕВА**

# ГӀУМРУ БИЧӀЧӀИЗЕ, ЛЪАЙ БАЛАГЬИЗЕ ВА ДУНЯЛ БИХЬИЗЕ...



Дагъистаналъул гуманитарияб институталъул теологиял ва социологиялгун гуманитариял дисциплиназул кафедраялъул профессор, философиял гӀелмабазул доктор, РФялъул тӀадегӀанаб ва профессионалияб лъайкьеялъул ХӀурматияй хӀалтӀухъан, РДялъул мустахӀикъай учитель Асият МухӀамадовна Буттаева дида цеегоялдаса лъала. Гьединго гьей ккола ЮНЕСКОялъул Севериябъ Кавказалъул гӀадаталги культураги лъазабиялъул ва диназда гьоркьосеб бахӀсалъул кафедраялъул профессор. Ниж кӀиязего цого заманаялда ва цого рокъоб щун букӀана квартира, цадахъ гӀахьаллъулаан азбар-къоно къачӀаялда, гьенир лъималгун тира-сверулаан. Гьеб мехалда лъана дида Ася Кули районалдаса йикӀин. Дир кулиялъулаздехун гьитӀингоялдаса хинаб бербалагьи букӀана, щайгурелъул дова учительлъун, хадувго школалъул директорлъун хӀалтӀарав инсуца гьезие кьолеб букӀараб къадруяб къиматалъ. Гьес бицунаан кулиялъулал ругила хӀалтӀизеги бокьулел, магӀишат гьабизеги лъалел, гьудуллъиялъеги ритӀухъал, бахӀарчиял гӀадамалилан. ХвезегӀан течӀо гьес гьезулгун гьудуллъиги.

Асият МухӀамадовнагун дандчӀвазе дун араб рукъ бугоан, унго-унгояб этнографиялъулаб хӀалалъ, музеялда релъун къачӀараб, гӀемераб къиматаб информация щолеб, ва гьеб информация кьолеб.

– Гьаб кинабго бакӀариялде дир рокьи бижизабураб иш ккана, некӀсиял ва церегосел тӀагӀалабазда барахщи, гьезда гурхӀизе бачӀин, – абун байбихьана Асяца. – Росулъе щведал бихьулаан гӀадамаз цебесеб пахьулги, хӀатӀулги, цӀулалги къайи-къоно къватӀибе балеб, гьединго сундухъ букӀаниги хисулеб. Дунин абуни гьелда барахщулаан. Гьедин дица имгӀаласухъа нахъе босана, гьез гӀодобе базехъин букӀараб чанго пахьул тӀарс, гъадаро, ханжу буцулеб цӀулал раса, гьуд-гӀучӀ жаниб лъолеб гӀучӀалтӀан. Киналго гьел къачӀана, цӀвакизаруна ва цӀиял гӀадинан гьаруна. Гьедин байбихьана некӀсиял тӀагӀалаби ракӀаризе ва гьале гьадинаб бечедаб коллекцияги лъугьана. Хадубги эбелалъ жиндирго рукӀарал гӀертӀал, пахьулхъаби, тӀарсал, хъалмухъ чай гьекъолел пиалаби, иту ва гӀемерал цогидалги тӀагӀалаби кьуна дие.

Дица гьел цӀунизе рукӀинги лъан, росуцояз, гьалбадерица, гьудул-гьалмагъзабаз рачӀана гӀемерал батӀи-батӀиял тӀагӀелал. Гьел рукӀана гӀажаибго берцинаб накъищ бугел, некӀсиял ва наслабаз цоцахъе кьун рачӀарал тӀагӀалаби. Дица гьединал алатал росулаан батӀи–батӀиял республикабаздаса, краяздаса. Кие щваниги батулаан, цогоябин кколеб, амма нилъералдаса батӀияб ва жидерго бальголъи гӀемерал тӀагӀалаби. Гьезда гьоркьор чанги къанагӀатаб ва гӀажаибаб тарих бугелги рукӀунаан. Руго нус-нус соназ церехун хӀалтӀизарулел рукӀарал ва сундуеяли нилъеда лъаларел алаталги.

Асият гӀуна кӀудияб хъизаналда. Гьелъул эбел Муслимат МахӀачева йикӀана жиндир заманалда Дагъистаналъул халкъазул фестивалалда кечӀ ахӀун тӀоцебесеб бакӀ щварай кочӀохъан. Профессионалияй кочӀохъанлъун гьей яхъинчӀо, росасе ана, щугоял лъимал гӀезаризе ккана. Амма кечӀ-бакъан тӀубанго гӀодоб тунги йикӀинчӀо. ГӀагараб Вачиялда анцӀгогӀан соналъ Культураялъул рукъалъе нухмалъи гьабуна. Эмен МухӀамад Пикиев вукӀана колхозалъул председательлъунги, бетӀерав бухгалтерлъунги, районалъул росдал магӀишаталъул управлениялъул нухмалъулевлъунги.

Росулъ гӀумру гьабизе бигьаго букӀинчӀо. МагӀишат гьабизе гӀемераб захӀматги заманги къваригӀуна. Амма гьелъухъги балагьичӀого, жидецаго лъай балагьарал эбелинсуца, хӀаракат бахъана лъималазеги гьебго кьезе, цӀалуде рокьи бижизабизе.

– Инсуца лъугӀизабуна Дагъсельхозинституталъул экономикияб факультет, эбелалъ – Буйнакскиялъул финансазул техникум. Эбел-эмен нижер рукӀана сундульго мисалияллъун, – ян абуна Асиятица. – МугӀрул гӀадатазда рекъон кьуна гьез нижее тарбия.

Амма хIал гьабун, бокьулареб иш гьабизе тIамулароан. Лъималазул пикруялъухъги гIенеккун, сабуралда гьабулаан малъа-хъваялги, бихьизабулаан кин гьабулебалиги. Гьединлъидал нижги гIенеккулаан эбел-инсухъ, толароан гьезул ракIбакъвазе. Дица БетIергьанасе щукру гьабула нижее эбел-эмен херлъизегIан цIунаралъухъ. Гьединлъидал, дида кIудияй гIуниги, херлъиялъул кьер чIваниги, дунго лъимер йигилан кколаан.



Каякенталда школаги лъугIизабун, Асият цIализе лъугьана ДГУялъул физикиябгун математическияб факультеталде. Доб букIана мухIканал гIелмабазул къимат гьабулеб, техникияб рахъалъ лъикI цебетIей бугеб заман. Гьединлъидал техническиял вузазде лъугьунелги, гьединал факультетал тIаса рищулелги, гIемерал рукIунаан. Гьелда цадахъ цIалулел рукIана ДГУялъул ректорасул яс – доцент Наида Абилова, гьанже Пачалихъалъул Думаялда депутатлъун вугев, физикиябгун математикаял гIелмабазул доктор ХIажимет СафаргIалиев.

– Дида цадахъ цIалулев вукIана дирго рос – Муса Бутаев, – ян гьимана гьей. Гьев цIалулев вукIана щуйилазда ва щолеб букIана Ленинилаб стипендия. Рокьула лъай бугел гIадамал. Нижер руго лъабгоял лъимал. КIудияй яс Салмаз хIалтIулей йиго ФОМСалда, вас Александр хIалтIулев вуго РДялъул бетIерасул администрациялда, гьитIинай яс Саида ккола Краснодаралда бугеб косметологиялъул централъул бетIерай тохтур. Руго микьгоял лъималазул лъималги.

Университет лъугIун хадуб Асият хIалтIана къватIисел улкабаздаса рачIарал студентазул факультеталда ва тIаделъана диссертация хъвазе. Гьеб букIана философияб темаялда… Щайилан дица гьикъизе букIинги лъан Асиятица баян гьабуна:

– Математикаги философияги цIакъго цоцазе гIагарал предметал ккола. Диплом дир буго физикаялъулаб, амма кьолаан математикаялъул дарсал, гьедин ккана… Гьебго заманаялда машгъуллъана философиялде ва гьебго кафедраялда соискательлъун хIалтIизе лъугьана, цIунана гIелмияб хIалтIиги.

Гьей гIицIго лъикIай математикаялъул мугIалим гурейги, йикIана лъикIай кураторги. РикIкIадал улкабаздаса рачIарал, жидеда Дагъистан щай гурин, СССРгицин бихьичIел студентазе гIемераб заманги кIудияб кIварги кьолаан Асиятица. Гьелъ гьезул лъай-хъвай гьабула дагъистаналъул халкъазул гIадатазулгун ва культураялъулгун.

Гьезул гIемерисез гьанжеги бухьен къотIизе толаро жидерго мугIалималъулгун. Асият МухIамадовна кий хIалтIаниги йикIана студентазда ракIалда хутIулейлъун. Гьале чанго гьез хъварал мухъал:

*«Асият МухIамадовна, ниж рохарал руго дур бергьенлъабаздаса. Баркула дуда докторлъиялъул диссертация цIуни. Матфакалъул магистрал».*

*«Жавабчилъи гIурай, гIадлуяй, ракIбацIцIадай ва кумекалъе ятулей мугIалим йиго, Асият МухIамадовна. Дида божизе бегьула».*

*«Асият МухIамадовнаялъ дарсал кьолел ратани, нужер иш квеш букIинаро».*

*«Асият МухIамадовна, мун тIаса лъугьа, дун мекъи вукIана. Мунгун гара-чIварун хадуб бичIчIана дида гьеб. ТIокIалъ киданиги гьедин гьабиларо. Баркала».*

*«РакIалде щола гьей мугIалим. Дун унтун гIемерал дарсал гьоркьор риччан рукIана. Гьединлъидал гьей дунгун гIемерай хIалтIана. Гьединаб кумекалъухъ гIарацги босичIо ва лъикIаб къимат щоледухъ дунги цIалуда хадув гъезавуна. Гьей йиго вузалда дида дандчIварал мугIалимзабазда гьоркьоса бищунго лъикIайилан абизе бегьулей ...»*

*«Дун ккола дур вукIарав матфакалъул студент. Гьанже дица математика малъула гIагараб росулъ. Кидаго ракIалдаса унаро дур малъа-хъваялги кумекги».*





Докторлъиялъулаб диссертациялда тӀад хӀалтӀулаго Асият Буттаевалъ пайда босизе ккун руго гӀемерал исламалъул, ай динияб гӀелмуялда хурхарал, гьанжеселги церегоселги гӀалимзабаз хъварал хӀалтӀабаздасан. Гьелъ хӀалтӀи хъвараб заман букӀана диналъе нух рагьараб ва гьеб лъазабиялде руссунеб 90 соназул ахир, цӀияб гӀасруялъул байбихьи.

Гьелъ цӀалун магӀна босана Имам Ан-Навадил, Абу-ХӀамид аль-Гъазалил, Ибн Рушдал (Аверроэс) ва цогидалги гӀалимзабазул хӀалтӀабазул. Гьединго гьелъ лъазабуна насраниязулги иудаистазулги динал ва буддизм. Динияб философиялъул темаялда докторлъиялъулаб диссертация гьелъ цӀунана 20I4 соналъ Ростовалда. Гьеб темаялда цӀарги букӀана: «Шималияб Кавказалда ислам цӀилъи ва гьелъул теориялъулги хӀалбихьиялъулги рахъал» абун.

– Дуда лъалаха, нилъеца кинацаго гӀадин бицуна ислам цӀилъиялъул ва нилъго рикӀкӀуна гьелда божулел гӀадамаллъун. Амма, хӀатта гьанжеги, диналъе квал-квалги гьечӀеб, гӀумруялъул киналго рахъазде гьеб тӀибитӀулеб заманаялдаги, гӀемериселъ Аллагьасда божи хутӀун батула гӀицӀго гьелъул гӀадатал тӀуразарилъун: как бай, кӀалкквей, байрамал тӀоритӀи…

Унго-унгояб божийин абуни, тӀоцебесеб играялда букӀине ккола, «бецӀго БетӀергьанасе бетӀер къулун хъулухъ гьаби гуреб, Гьесул тӀалабазул мурадги магӀнаги бичӀчӀиялъулъ, гьелъул кӀудияб хӀажалъи бихьиялъулъ». Мисалалъе, рачӀа бихьинчиги чӀужугӀаданги БетӀергьанас рижухъе, мурадалда рекъон цере чӀезаризе… БетӀергьанас бихьинчи хӀатӀудаса гьавун гьесда рухӀ лъун буго ва хадуй гьесул хьолбохъа гӀучӀалдаса лъугьинаюн йиго чӀужугӀаданги. Гьелъ бихьизабула бихьинчиги чӀужугӀаданги тӀабигӀияб цолъи бугеллъун рукӀин гуребги, чӀужугӀадан гьаб дунялалда йижиялъул тӀубанго батӀияб мурад букӀинги. Бихьинчи вуго тухум лъугьинабизе, цӀунизе ва хьихьизе вижарав. Гьеб лъабабго программа буго гьесул геназульги лъун. ЧӀужугӀаданалъин абуни ккола гьансито цӀунизе, лъимал гӀезаризе ва рукъ гӀуцӀизе…

Асият Буттаевалъулгун бицине хабар гӀемераб батана ва гӀемераб цӀиябги рагӀана. Хабар ккана философиялда, диналда, политикаялда ва жакъа республикаялдаги, улкаялдаги, дунялалдаги бугеб ахӀвал-хӀалалда хурхун…

*Гьанже профессор А. Буттаевалъ тӀадчӀун лъазабулеб буго Дагъистаналдаги Россиялдаги исламалъул лъай кьеялъ кколеб бугеб бакӀги кӀварги. Гьелъул хӀаракаталдалъун Дагъистаналъул гуманитарияб институталда байбихьана христианазулги иудаистазулги дин лъазабизе. Гьединал курсал цӀализе ахӀула жалго гьеб дин ккурал вакилзаби.*

Гьей ккола кӀинусгоялдаса цӀикӀкӀун, батӀи–батӀиял гӀелмиял хӀалтӀабазул автор. Бахъун буго ункъо монография, гьезул кӀигояб чехазул гӀалимзабигун цадахъ хъвараб. Асият МухӀамадовнаялъул лъикӀаб бухьен буго къватӀисел улкабазул вузазул гуманитариял кафедрабазулгунги, гьединго Татарстаналъул Къуръан ва Суннаби лъазариялъул Централъулгун, Болгариялъул Исламалъул Академиялъулгун, исламалъул улкабигун цадахъ рекъон хӀалтӀиялъул стратегиялъулаб Фондалъулгун. Гьей гӀемер уна лекциял цӀализе батӀи-батӀиял улкабазде, жиграб гӀахьаллъи гьабула Россиялда ва къватӀисел улкабазда тӀоритӀулел конференциязда, хъвала тӀахьал.

***Буго Асиятил цоги гъираялда гьабулеб иш – сапаралъ ин. Хьвадула Дагъистаналдаги, Кавказалдаги, дунялалдагоги. Гьенисан гьелъ бачӀуна гӀемераб информация, цӀиял экспонатал ва гьоркьоса къотӀичӀого бечелъизабула жиндирго музей. Гьарула гьелъие сундулъго икъбал!***

**Ажа ГӀАБДУРАХӀИМАНОВА**

**2021 СОНАЛЪУЛ АПРЕЛАЛДА, ХАЛАТБАХЪАРАБ УНТУДАСА ХАДУВ НИЛЪЕДАСА ВАТIАЛЪАНА ХАЛКЪИЯВ ХЪВАДАРУХЪАН, МАШГЬУРАВ ПРОЗАИК, КРИТИК ВА ДРАМАТУРГ, С. СТАЛЬСКИЯСУЛ ЦIАРАЛДА БУГЕБ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛ ПРЕМИЯЛЪУЛ ЛАУРЕАТ КАМАЛ ИБРАГЬИМОВИЧ АБУКОВ.**

**АБУКОВ ККОЛА ГIЕМЕРАЛ КЪИСАБАЗУЛ, ХАРБАЗУЛ, КРИТИКИЯЛГУН ПУБЛИЦИСТИКИЯЛ МАКЪАЛАБАЗУЛ ВА ПЬЕСАБАЗУЛ АВТОР. ГЬЕСУЛ ПЬЕСАБИ ЛЪОЛААН ЛЪАРАГIАЗУЛ А. САЛАВАТОВАСУЛ ЦIАРАЛДА БУГЕБ ВА АВАРАЗУЛ ЦI. ХIАМЗАТИЛ ЦIАРАЛДА БУГЕБ МУЗЫКАЛИЯЛГУН-ДРАМАБАЗУЛ ТЕАТРАЗ.**

**ПРОЗАИКИЯЛ ВА ДРАМАЯЛЪУЛ АСАРАЗДА ГЬЕС РОРХУЛААН ЖАМГIИЯЛГИ, РУХIИЯЛГИ, ПСИХОЛОГИЯЛГИ КIВАРАЛЪУЛ МАСЪАЛАБИ. ГЬЕДИНГО КАМАЛ АБУКОВАСУЛ ГIУМРУЯЛДА КIВАР БУГЕБ БАКI ККОЛААН МУГIАЛИМЛЪИЯЛЪГИ. ГЬЕВ ККОЛААН ФИЛОЛОГИЯЛ ГIЕЛМАБАЗУЛ ДОКТОР, ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ПЕДАГОГИЧЕСКИЯБ УНИВЕРСИТЕТАЛЪУЛ ПРОФЕССОР.**



## Камал АБУКОВ

# «ТАЛИХIАЛЪЕ ИХТИЯР ГЬЕЧIОГО»

*(Къисаялъул бутIа)*

…ЦIакъ бецIаб сордо букIана. ПатIиматида макьу щолеб букIинчIо. Гордухъги ялагьун пикрабазда йикIана гьей. БотIролъ женжелел рукIана батIи-батIиял ракIалде щвеял ва цебе бачIана Тетейил сипат…

Тетей-кIодо ПатIиматида кинго йичIчIичIо. Дой йикIана кIудияб лага-черхалъул ва лъикIго ретIа-къан йикIуней гIадан. ПатIиматида Тетей-кIодо рукъ бакIарулей, ретIел яги чIабар чурулей, юкъарулей, хьухьарулей йихьичIо кидагIаги. Квенги доль къанагIат, хIурматиял гьалбал рачIиндал, ялъуни цо гъира-шавкъалда йигеб мехалда гурони гьабулароан. Амма квен гьабулаан тIагIамалда. МичIчIил хинкIал, долмаби, нисдал цIурачадал рукIунаан гьелъул гьуинал. Жинцаго гьабураб квен Тетейица цебеги жинцаго лъолаан. Гьелъ цере рахъулаан гIарцул гъуд-гIучI, чIухIараб цIарагI ва чурун къачIан нахъе лъураб столалда т1амулеб жоги. Гьелъ гьуинал пирогал, натIухI, бахъухъ хIадурулаан гIицIго кIалбиччанкъоялъ.

Гьединго Тетей-кIодол махщел букIана накъищ бугел буртаби гьаризе. Гьелги гьелъ гьарулаан рича–хисизе гурел, жиндиего рокъор хIалтIизаризе. Берцинаб накъищгун цо гьединаб буртина кIодоца ПатIиматиеги гьабун букIана. Тукабазда ричулел квасул буртаби гьелъулалде данде ккун гьадингосел жал рукIана. ПатIиматицаги кIодол сайигъат кIудияб къиматгун къеда бан букIана, гьалбадерил берги тIоцебе гьелде щолаан.





ПатІиматида Тетей-кІодол рокъоб ракІалда хутІараб жолъун букІана никелалъул кІукьмаххги, тІад «Париж» абун хъвай-хъвагІай бугеб, къеда балеб, цІвакараб цІулал сагІатги. Гьеб сагІат Кумсият ункъачол рокъоб жеги къеда бан буго.

ПатІиматил эбел Зугъраца бицухъе, Тетей-кІодо йикІана рес бугеб хъизаналдаса гІадан. Мурза–амайил эменин абуни, гІолохъанаб мехалда гьезухъ мухьдахъ хІалтІулев вукІанила. Тетейица хІурмат гьабулел чагІи гьезул тухумалъул дагъал рукІун руго. Гьелъие хириявлъун вукІанила цохІого цо васасул вас СултІан. ХІатта, жиндирго вас Мурзагицин гьелъ хІалароанила, гьелъ гьев лъугьинчІевлъун рикІкІунаанила. Щайгурелъул, гьес гьелдаги гьикъичІого ячун йикІанила лъади. Васасул васин абуни хирияв вукІанила. ПатІиматги гьелъие абизегІанго йокьулароанила – васасул васас гьейги жиндиего йокьун ячун йикІиналъ.

«Мун вуго берцинав, гьайбатав вас, бокьараб бечедаб хъизаналдаса бищунго лъай бугей яс ячІунаан дуе», – абун СултІанида гаргалей рагІулаан Тетей.

«Лъай бугей» абураб жо кІодода бичІчІулеб букІана лага-черхги бугей, тІомги хъахІай абураб магІнаялда. ХъахІилъи ПатІиматилъги гІураб букІаниги, кІодое бокьараб «хІурматияб хъизаналдаса» гурелъул, кинго гьей Тетейил ракІалъ йосулароан. ГІемераб бадибчІвай гьабулаан гьелъ СултІаниеги лъадудехун тамахав, гьелъие мутІигІав вугилан.

Цо нухалда ПатІимат цІакъ унтула. Квешезего гІадин, гьеб мехалда рачІана гьалбалги ва кухниялда хІалтІизе ккана Барият-ункъачу.

КІодоца согІго гьикъана:

– Кийха йигей дур, цІакъай, тамахай? – илан.

– Унтун, егун йиго рокъой, – ян абуна СултІаница.

– Егунилая?! – ян рокьукъго ялагьана гьей гьесухъ. – Валлагь егилароанха, мун бихьинчи вукІаравани. Цо-кІиго хьоп щвезабурабани унтиги кІоченаан гогьдариги лъугІилаан! Эменги вуго дур тамахав, мунги вуго пайдагьечІ, цохІо лъади зарукь кквезе бажарударел. Нижер заманаялда ункъо лъадиги чІолохъжо барал гІадин кколаан бихьиназ!

Гьединги абун, нусалъухъеги яккичІого нахъе ана Тетей. ПатІиматин абуни гьебги квеш букІун гІодана ва гьалбал нахъе индал вакьадасде чучана.

ПатІиматидехун Тетей квешго согІлъана ячун лъабго-ункъо сон индал.

– Ле, СултІан, кида дур гьаб гІака къинлъулеб? – абун хъачІго кІалъалаан гьей, рокъор жидер-чияр чагІи рукІиналъухъги балагьичІого.

КигІан гьеб захІмалъаниги ПатІиматица хІал лъазе толеб букІинчІо ва рекІелъе биччачІого чІезе хІаракатги бахъулаан, бокьун букІана кІодода лъикІ йихьизе. Цо-цо къоялъ Тетей кІодо хІеренго йикІунаан ва гІагарлъиялда бичІчІулароан кІодое лъугьараб.

Цо сордоялъ Тетейица ПатІимат, къвалги бан, карандегицин къана:

– Я, Аллагь, дуда кватІичІого макьилъ моцІ бихьаги, – янги абун гьелъ ПатІимат диваналде аскІое ячана ва, жиндир накабазда гьелъул бетІерги лъун, тамахго квер бахъана.

Рокъор щалниги рукІинчІо ва ПатІиматица хІинкъичІого гьикъана:

– Макьилъ моцІ бихьи, – гьеб сундуе букІунеб?

КІодоца гІенеккунги чІчІун нусалъул бетІер лъухьулеб букІана.

– Бихьидал дудаго бичІчІила. ХІинкъуге, гьединаб макьу бихьани, гьеб лъикІалъе букІуна.

ПатІиматица кидаго хІурмат гьабулаан ва «Тетей-ханум» абун гурони гьелдехун хитІабги гьабулароан. Гьанжеги гьелъ хералда хІеренго къвал бана.

– ХІелулейищ йигей? – янги абун хералъ ПатІиматил г1ин ц1ана. – Вас гьавичІони дица ячахъизайизе йиго мун… – Хадуб, гІодойги йиччан, гьимулаго тІаде жубана:

– Гъамбулатовазул гъотІол гІаркьел къотІизе бегьуларо. ЯхІ бахъе…

Тетейил бералъ бихьулеб букІана кІудияб пашманлъи ва ПатІимат хІинкъана: гІодизеги бегьула

гьай! Гьалъие бокьун букIинчIо Тетейил ракI къварилъизеги, магIу бихьизеги, гIарзал рагIизеги. Дойги, циндаго, макьидаса йорчIарай гIадин, тIадеги яхъун, щаялиго гордил квенчIелги кIобокIун, сихIкъотIун нахъе ана.

ПатIиматица кидаго гIажаиблъи гьабулаан гьей росулъ гIурай, щибго лъайги гьечIей хералъул, сундаго хадуй гIунтIиялда, гIакълуялда, сабуралда ва къвакIиялда. Жиндаго божиги ва бихьиналгицин гIажаиблъулеб таваккалги букIана гьелъулъ.

Цо нухалда ккана гьадинаб лъугьа-бахъин. Автоколонаялъул начальниклъун вукIарав СултIан, кIиго шофер, цIиял машинаби кьелилан рагIиги кьун, жиндирго дачаялда хIалтIизарун ругилан гIиллаги батун, нахъе витIулев вукIана. СултIан, рокъоса къватIивеги вахъинчIого, «щибха гьанже гьабилеб?» - илаги абун, цоялда хадуб цояб гьабун, хъалиян бухIулев, диваналда къоял тIамулев вукIана.

Тетей-кIодода бичIчIараб къагIида гьесие лъугьараб:

– Щив дур бищунго кIудияв хIаким? – абун гьикъана гьелъ СултIанида.

– Мамедов РахIим абун цо бетIер хIуларав чи вуго, – ян жаваб кьуна ПатIиматица. – ЧанцIулго нилъехъеги вачIун вукIана. РакIалда вугищ, дол хинкIалги бакъвараб гьанги столалда лъедал, кьурдизе лъугьарав чи.

– Щолев вуго ракIалде, – ян абуна кIодоца, – щербет гIадинаб гьимиги букIана досул.

КIиго къоялдаса вачIана щивалиго МутIалим Пашаевичилан сундулалиго начальник. ПатIиматида бичIчIухъе, студент вугеб мехалда гьес Тетей-кIодол рокъор сонал ран рукIун руго.

– Щиб мун тамахлъун вугеб куц? – абун СултIаниде тIаделъана гьев. – Мунго цIунун бажарулеб батани, дида щай абичIеб, балагьилаан щиб кин ва сунда бан бугебали. БагъаричIони ганчIикье лъимги кколаро, дуе гIоло Тетей-кIодо йиго екерахъдулей.

– Кин? – абун гIажаиблъун лъугьана СултIан.

– Кинха букIунеб, сон гьей щун йиго Мамедовасухъе ва гьесда гьадин абун буго:

«ГIенекке дихъ, цо хабар бицинин. Сардилъ росулъан вачIунев нухлулав, рещтIине бакI балагьулев вукIанила. Циндаго гьесда данде кканила кIиго мехтарав чи ва лъугьанила гьобол вухизе. Цояс кверал ккунила, кIиабилес чохьолъ зарал ранила, довин абуни угьдилев вукIанила: «Вай мугъ, вай мугъ!» абун. Дозул цояс абунила: «Нижеца дур чехь бухулеб бугеб мехалда, дур мугъ щай унтизе кколеб, гьелъул магIна щиб?» – илан. Гьоболас жаваб гьабунила: «Гьелъул магIна ккола, ботIрокъал, гьадинаб. Гьанив дида нахъа цониги чи вукIаравани речIчIилаандай нуж дида тIад абураб». Дол нечанила ва нухлулав живго тун нахъе анила.

Гьеле, РахIим, ракIалда цIуне: СултIан нухлулавги гуро, чияр росулъги гьечIо, гьесул мугъзада нахъа къадалги жагъалал гьечIо. Гьебги ракIалда чIчIезабун, ургъун вихье». Гьединги абун, кIудияб къагIидаялда къватIие унаго, гьелъ нуцIаги речIчIизабун буго.

– Суризавуна дун, – илан ккуна бетIер СултIаница.

– Тетей-кIодояли йичIчIизе цIакъ бегьила, амма мунго дуцаго суризавулев вуго, тохал жалги гьарун. Дуца гьабураб жо партбюроялда гьоркьоб лъезе буго. Хъулухъалдаса пайдаги босун бегьулареб иш гьабунилан бадибчIвайги гьабун цо балеб бакIалде хIалтIизе витIизеги рес буго.

Тетей-кIодол гIадат букIинчIо зигардулеб, гIарзал рахъулеб. Зигардулезда тIадги елъанхъулаан: «Гвадарлъиялъ щибго пикруги хIалтIулеб гьечIо, тIаде жоялъе унти-гIузруялъул гIарзалги руго. Аллагьасдаса нечезе ккеларищ?» – ан абулаан гьелъ зигардулезда тIадги елъулаго....

Холелъулин абуни кIодо гIакълу биххун йикIана. ГIатIидго бералги рагьун, гордухъги ялагьун, квасул юргъан кIвекIулей гьелъул рухI босулеб букIин киналго сверухъ ругезда бичIчIулеб букIана.

ПатIиматги ячIун гьелъул хIатIазул ахада эхетана. Херай циндаго лъавуде ячIана ва нусалъухъги ялагьун:

– Мун жеги нахъе йитIичIогойищ йигей?! СултIан…

Гьеб лахIзаталъ берал абадиялъего къанщана.

«Унго-унгоги тухумалъул щулалъилъун йикIана Тетей-кIодо» – ян пашманаб пикру бачIана ПатIиматил ботIролъе. Унгоги гьей хваралдаса цоялда хадуб цогидаб къварилъи камичIо: ракIалдаго гьечIого хвана вац Мурза-амай, Кумсиятил рукъ бикъана, ПатIиматил эбелалъул хъош биххана… Яги гьел киналго гьадингоял дандеккеялдай?



## Рахьдал мацI

« ХIарпал алфавиталъул тартибалда лъе!»

къ

гъ

чI

тI

хъ

лъ



*Жаваб*




### Камураб хIарпги лъун, сураталда данде кколеб рагIи хъвай.

А) Де…ен
Б) Са…ат
В) Ба…ли
Г) …усал
Д) …ин
Е) …еч
Ж) Ма….

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
|---|---|---|---|---|---|---|
|  |  |  |  |  |  |  |
| | | | | | | |

*Жавабал*

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Б | А | Б | Е | Ж | Г | Д |

Камураб хIарп- гI

А) ДегIен Б) СагIат В) БагIли Г) ГIусал Д) ГIин Е) ГIеч Ж) МагI

ХIадур гьабуна Сарат МухIумаевалъ

# Журнал в журнале





# Кот Маракан

*(Лакская сказка)*

Жили-были на свете два брата, Аракан и Саракан.

Аракан был бедный дровосек. Нарубит в лесу вязанку дров, продаст, тем и жив. Днём и ночью просил он у Аллаха осла, чтоб дрова возить, но Аллах почему-то не спешил исполнить его просьбу.

А Саракан торговал одеждой. Портные, что шили черкески, бешметы, шубы, поручали ему их продавать. Он ездил по селеньям, сбывал товар и зарабатывал неплохо, для семьи хватало. Но осла купить Аракану он тоже был не в состоянии.

Пошёл однажды Аракан в лес, снял бешмет, положил под деревом, принялся топором работать. Нарубил большую вязанку, взял свой бешмет, а оттуда выпал лесной котёнок: он забрался в рукав и там спал.

Посмотрел Аракан на котёнка, жалко ему стало малыша. Сунул его в тепло за пазуху и пошел домой.

Котёнку он дал имя Маракан. Делил с ним свою скудную еду, брал с собой в лес, а по вечерам рассказывал ему сказки.

Однажды к Аракану заглянул его младший брат. Он шёл с товаром в дальние селенья.

А у Аракана в доме было в ту пору пусто. Не то что брата угостить, даже кота покормить нечем. И он решил: Маракан теперь уже стал на ноги, взрослый кот, пусть сам себе добывает пропитание.

– Возьми его с собой, – попросил он Саракана. – Унеси куда-нибудь подальше, чтоб не нашёл обратной дороги. Жалко мне Маракана, да приходится расставаться.

А Маракан во время этого разговора сидел в углу на овчине и глаз не сводил с хозяина. Когда Саракан подошёл к нему, чтобы взять его на руки, кот выгнул спину, поднял хвост трубой, приготовился к схватке.

– Ах ты, негодяй несчастный! Брысь отсюда! – разозлился Саракан.

– Вовсе я не негодяй! – обиделся Маракан. – И несчастным ты меня не зови. – Я – предвестник счастья!

Маракан говорил гордо и, к великому изумлению братьев, человеческим голосом.

– Это что ж такое?! – воскликнул Аракан.

– Если ты предвестник счастья, что ж не осчастливил своего хозяина? – спросил Саракан.

– Время не пришло! – ответил кот.

«Может, он дело говорит?» – подумал Саракан. И взял с собой кота. Но не для того, чтоб где-нибудь бросить, а чтоб помогал ему торговать, раз уж умеет говорить человеческим языком.

Прибыли они в большой город. У Саракана здесь были кунаки. Они отвели ему горницу для его товара. Сложил Саракан вещи, оставил кота, пошёл искать покупателей.

Ходил до вечера. А вечером, слышит, поднялся в городе небывалый шум и крик.

– Что случилось? – спросил Саракан у прохожих.

– На город напали полчища крыс, – ответили ему. – Они грызут всё, что встретят на пути. Их тысячи тысяч и, сколько мы их ни убиваем, меньше не становится.

– О, Аллах! – ужаснулся Саракан. – А я оставил у кунаков свой товар. Что теперь с ним будет?

– Беги скорей! – посоветовали люди. – Может, хоть что-нибудь спасёшь…

Побежал Саракан со всех ног, а навстречу – стаи зубастых крыс: пожирают на ходу и припасы, и одежду…

Не переводя духа добрался Саракан до дома своих кунаков, открыл дверь… И что же? Лежит его товар целёхонек, а кругом задушенные крысы валяются. Это были подвиги Маракана. Он всех крыс в доме перевёл и отправился с тем же во двор, а потом и на улицу. Ночь напролёт воевал храбрый Маракан. Всех крыс извёл, а которые уцелели – те из города убежали.

Прошёл по всему городу слух о грозном воине Маракане – истребителе крыс. Люди шли к Саракану на поклон с гостинцами.

– Отпусти, сделай милость, к нам своего Маракана на денёк-другой! Пусть хозяйничает в наших кладовых и подвалах. Может, там ещё крысы остались.

Саракан отпускал кота, и тот усердно трудился. Не только крыс – мышки ни одной в кладовых и подвалах не уцелело. Радовались люди. Несли Саракану кто деньги, кто разные подарки. Разбогател Саракан. Вернулся домой с хурджинами, полными добра.

Отдал он Аракану заработанные котом деньги, поделился подарками:

– Вот бери! Правду сказал твой Маракан. Время пришло, и он тебя осчастливил. Живи теперь припеваючи!





*Этот нежный десерт готовится из творога, сливок и желатина. Внутри – сочные ягоды винограда, которые отлично дополняют нежный сливочный вкус. Творожно–сливочный мусс с виноградом – очень вкусное лакомство из натуральных продуктов.*

# ТВОРОЖНО-СЛИВОЧНЫЙ МУСС С ВИНОГРАДОМ



**ИНГРЕДИЕНТЫ**

*Творог - 250 г*
*Виноград без косточек - 220 г (+50-70 г для украшения)*
*Сливки - 200 мл*
*Лимон - 1 шт.*
*Сахар - 150 г*
*Желатин - 30 г*
*Вода - 100 мл*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

Подготавливаем необходимые продукты.

Желатин заливаем 100 мл холодной воды и оставляем на 5–10 минут набухнуть.

К творогу добавляем сливки и сахар.

Взбиваем творог с сахаром и сливками до однородности.

Из лимона выжимаем 2–3 ст. ложки сока. Лимонный сок добавляем в творожно-сливочную массу.

Виноград без косточек (220 г) промываем, обсушиваем и добавляем в творожно-сливочную массу.

Аккуратно перемешиваем массу с виноградом.

Набухший желатин растапливаем на водяной бане или в микроволновке на минимальной мощности.

Помешивая, выливаем желатин тонкой струйкой в творожно-сливочную массу.

Хорошо перемешиваем до однородности.

Заливаем массу в форму и ставим в холодильник приблизительно на 3 часа.

Вынимаем готовый творожно-сливочный мусс из холодильника. Ножом аккуратно отделяем по кругу края мусса от формы. Затем дно формы опускаем на 30 секунд в горячую воду.

Переворачиваем десерт на тарелку.

Украшаем творожно-сливочный десерт половинками оставшегося винограда.

*ПРИЯТНОГО АППЕТИТА!*

# ОЛАДЬИ
## с виноградом на кефире



*Мягкие и пышные оладьи на кефире благодаря сладким виноградинкам внутри становятся новым блюдом, необычным и ещё более вкусным! Сочный виноград придаёт привычным оладьям на кефире новый, оригинальный вкус. Когда целые виноградинки взрываются сочной сладостью, к оладьям абсолютно не нужны соусы или дополнительные добавки!*

**ИНГРЕДИЕНТЫ (на 6 порций)**

*Виноград - 200 г*
*Кефир - 230 мл*
*Мука пшеничная - 150 г*
*Яйцо - 1 шт.*
*Сахар - 2 ст. ложки (50 г)*
*Сода - 1 ч. ложка*
*Масло растительное (для жарки) - 3-4 ст. ложки (50 мл)*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

Для начинки лучше всего использовать виноград сорта кишмиш – его ягоды небольшого размера, и в них практически нет косточек. По желанию можно использовать и обычный виноград – тогда каждую виноградинку нужно будет разрезать пополам или на 4 части и извлечь косточки.

В глубокой миске соедините яйцо и сахар, перемешайте венчиком.

Влейте кефир и снова перемешайте.

Добавьте соду. Частями, каждый раз перемешивая, всейте муку через мелкое сито.

Тесто для оладий должно получиться средней густоты и стекать с ложки «ленточкой».

Виноград снимите с веточки, вымойте и обсушите полотенцем.

В сковороде на среднем огне разогрейте растительное масло. Выкладывайте в сковороду примерно по 1 ст. ложке теста, формируя небольшие оладьи.

Сразу же выложите на тесто примерно по 3–5 небольших виноградин.

Выложите на каждый оладушек ещё немного теста, чтобы оно покрыло ягоды.

Жарьте оладьи с виноградом на среднем огне примерно по 2–3 минуты с каждой стороны, до румяности.

По желанию готовые оладушки можно ненадолго выложить на бумажную салфетку, чтобы впиталось лишнее масло.

*КРАСИВЫЙ И ОРИГИНАЛЬНЫЙ ЗАВТРАК!*
*ПРИЯТНОГО АППЕТИТА!*

# КРЕВЕТКИ С САЛАТОМ ИЗ РАЗНОЦВЕТНОЙ ФАСОЛИ



*1 лайм*
*2 зубчика чеснока*
*1 ч. ложка соли*
*1 ч. ложка оливкового масла*
*1/3 ч. ложки сухого красного перца*
*½ кг крупных очищенных креветок*

Для гарнира

*3 помидора*
*1 огурец*
*по 1 банке белой и красной консервированной фасоли*
*2 ст. ложки зелени петрушки*
*2 ст. ложки белого винного уксуса*
*1 ст. ложка оливкового масла*
*Соль и перец по вкусу*

1. Натрите 1 ч. ложку цедры с лайма и выжмите 1 ст. ложку сока. Цедру смешайте с соком, чесноком, солью, оливковым маслом, красным перцем. В этом соусе обваляйте креветки и оставьте на 5 минут.

2. Запекайте креветки в духовке 3 минуты, переверните и запекайте еще 3 минуты.

3. Помидоры и огурец нарежьте кубиками и смешайте с фасолью, посыпьте зеленью, посолите, поперчите и полейте маслом с уксусом.

# САЛАТ С КУРИЦЕЙ

*1 куриная грудка (отварить)*
*300 г зеленой стручковой фасоли*
*4 картофелины*
*½ кг помидоров черри*
*½ стакана маслин*
*2 ст. ложки оливкового масла*
*соль и молотый перец по вкусу*
*4 ч. ложки лимонного сока*
*1 ч. ложка горчицы*
*½ ч. ложки сухого орегано*
*1 пучок зеленого салата*

1. Куриную мякоть нарежьте кубиками.

2. Отварите в кипящей воде стручковую фасоль до мягкости, обдайте холодной водой. Сваренный в мундире картофель охладите и нарежьте ломтиками.

3. Нарежьте на половинки помидоры черри и маслины.

4. Для соуса: взбейте вилкой оливковое масло с солью и перцем, лимонным соком, горчицей и орегано.

5. Разложите ингредиенты на листьях салата и залейте соусом.



# ДЕТСКАЯ ГИПЕРТОНИЯ

*Считается, что гипертоническая болезнь развивается после 40 лет, но в последнее время эта болезнь заметно «помолодела». Нередко ее симптомы обнаруживаются у людей, еще не достигших тридцатилетия, и даже у детей.*

## Детское давление – от 0 до10 лет

Гипертония у детей, к счастью, встречается редко. Как правило, родители обнаруживают эту болезнь у ребенка случайно, существенных жалоб может и не быть. В большинстве случаев повышение артериального давления у детей бывает вторичным, то есть является следствием или проявлением других заболеваний: почек, эндокринной системы.

Чтобы вам было легче ориентироваться в цифрах, приводим показатели артериального давления у детей разных возрастов.

Итак, нормой считается:

У новорожденных девочек – 66/65 мм рт. ст.

У новорожденных мальчиков – 71/55 мм рт. ст.

В течение первого года жизни поднимается, в основном, систолическое давление (верхнее), достигая уровня 90-92 мм рт. ст.

До 7 лет увеличение давления идет медленно, а затем нарастает более быстрыми темпами, достигая к 16-18 годам величин, характерных для взрослого. Но нужно иметь в виду, что у любого человека, в том числе в детском и подростковом возрасте, нормальное кровяное давление подвержено значительным индивидуальным колебаниям. Так, например, у подростков верхнее давление может быть в пределах 100-140 мм рт. ст., а нижнее в пределах 70-90 мм рт. ст. Эти цифры и принято считать нормой.

## Болезнь отличников

В последние годы замечено, что некоторые дети особенно подвержены гипертонии. И чаще всего изменены только цифры верхнего давления. В большинстве своем эти нарушения вызваны чрезмерной нагрузкой во время школьных и внешкольных занятий. Так, например, в физико-математических школах процент ребят с повышенным давлением в 2-3 раза выше, чем в обычных. Поэтому регулирование учебной нагрузки, снятие с подростка психологического стресса (например, боязни неудовлетворительных оценок) поможет нормализации кровяного давления. Развитию гипертонии способствует и низкая физическая активность детей, ведущих сидячий, малоподвижный образ жизни. Занятия физкультурой и спортом, высокая двигательная активность в целом снижают риск развития гипертонии.

## Вниманию родителей

Большое значение в профилактике развития гипертонии имеет рациональное питание. Пища должна быть полноценной, богатой витаминами, следует употреблять больше фруктов и овощей. Неограниченное потребление поваренной соли также может стать причиной повышения кровяного давления и одним из факторов развития первичной гипертонии. Лучше приучать ребенка к минимальному потреблению соли с первого года жизни, когда только формируются его пищевые предпочтения.

Следует наладить у ребенка правильный образ жизни, избегать перенапряжения, строго соблюдать режим дня: сон ночью должен быть не менее 8 часов, если это возможно – благоприятен сон днем (1-2 часа) .

Все сказанное показывает, что эффективная профилактика гипертонии включает в себя все то, что мы подразумеваем под здоровым образом жизни. Если все эти советы комплексно применять, давление у ребенка нормализуется.



## Никакой самодеятельности!

Единственное, чего следует опасаться родителям детей с систематическими повышениями давления, – это неизвестность истинных причин заболевания, которыми могут быть заболевания почек, гормональные нарушения и многое другое. Никак нельзя пытаться вылечить ребенка своими силами, предлагать ребенку даже в малых дозах лекарственные препараты, снижающие давление! Медикаменты и дозы приема лекарственного препарата назначаются только врачом и подбираются строго индивидуально, а родительскую энергию нужно направить на то, чтобы обеспечить выполнение ребенком необходимого режима и регулярного приема препаратов! Последнее очень важно, так как дети свою болезнь не ощущают и поэтому не хотят лечиться.

Заниматься самодеятельностью здесь неуместно, даже если родители-гипертоники в этом деле, что называется, собаку съели. Лечение должен назначать только врач. Иначе осложнения могут оказаться гораздо серьезнее самого заболевания.

# ЕСЛИ НЕТ ЛЕКАРСТВА

- От трещин на ногтях можно избавиться, если втирать мед с луком.
- При ожогах прикладывайте очищенный картофель или мед.
- Морковь хорошо помогает очищать раны от гноя, уменьшает боль.
- Мед обладает рассасывающим действием (при новообразованиях, гнойной ангине и т. д.)
- При расстройствах кишечника рекомендуется есть черемуху, пить чай из нее.
- При усталости глаз прикладывайте картофель или яблоко.
- При болезненных менструациях помогает сок черной смородины (по четверти стакана 3-5 раз в день), а при длительных – яблоки в неограниченном количестве.
- Для выведения шлаков, солей ешьте тыкву, кабачки, морковь, тушенные в растительном масле.
- Вечером, чтобы снять нервное напряжение, усталость, очень хорошо руку (от локтя до ладони) подставить под струю холодной воды.
- При невралгии нужно прикладывать вареное яйцо к больному месту.
- При обморожениях натёртую редьку смешивают с водой и обмывают обмороженные места.
- Попробуйте измельчить горох и залить кипятком – получите лекарство для быстрого созревания фурункула и размягчения воспаленных участков.
- Сок репчатого лука с медом является хорошим средством для предотвращения развития бельма на глазу.
- Тертая свекла используется при опухолях, ушибах, язвах, воспалениях кожи.
- Для ухода за руками незаменим отвар из картофеля (ванночки для рук).
- Слабительное: сварите варенье, но вместо сахара положите в него сорбит (заменитель сахара). Употреблять следует только по 1-2 ч. ложки.
- Настой укропа успокаивает, положительно действует на желудок и мочевой пузырь, а у кормящей матери увеличивается молоко.
- При ожоге можно сразу смазать пораженное место подсолнечным маслом и посыпать содой.
- Фурункул можно смазать керосином несколько раз в день, но осторожно – только сам фурункул.
- При синяке надо намочить газету водой и приложить на ушибленное место – синяк быстро пройдет.
- При бронхите, трахеите хорошее отхаркивающее средство – настой кожуры мандарина: 1 ст. ложку сухой кожуры залить стаканом кипятка, пить по 1/5 стакана 5 раз в день до еды.
- При уплотнениях в области операционного шва надо листья сирени опустить в кипяток на 2–3 секунды и положить на больное место, закрыть компрессной клеенкой, закрепить. Процедуру можно делать на 2–4 часа каждый день.

# ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?

Знаете ли вы, что бананы – это трава, а сами плоды у них растут «вверх ногами»? Многие ошибаются, думая, что бананы растут на пальмах. А еще спорят о том, с какой стороны чистить банан. Кому-то легче начинать очистку с твёрдого продолговатого хвостика, а кто-то, наоборот, начинает чистку шкурки банана с другой стороны.

На самом деле бананы растут из стеблей растения и тянутся вверх, к небу, к солнцу. Когда гроздь становится слишком большой и тяжёлой, она просто свисает вниз. Именно поэтому бананы такой интересной дугообразной формы.

Возвращаясь к нашему спору, заметим, что логичнее очищать бананы с черенка. Получается, что мы очищаем бананы наоборот.

Родина банана – Юго-Восточная Азия (Малайский архипелаг), здесь бананы появились с 11 века до нашей эры. Их употребляли в пищу, из них делали муку и готовили хлеб. Правда, выглядели бананы не как современные полумесяцы. Внутри плодов были косточки. Как правило, они использовались для продажи. А сейчас бананы – это не только вкусное, но и полезное лакомство для детей и взрослых.



# Гъарабудахкенталъул нохъал



Дагъистаналда цIакъ гIемер руго экстремалияб туризм бокьулел гIадамазе гIажаибал, тIаде рахине хIинкъарал кьураби, гъваридал кIкIалал, лъарал, къварилъалаби. Амма хIалбихьи гьечIев чи гьениве иналде хIадурун вукIине ккола кьурулъе ххаризеги, лъим ххазеги, къваридаб бакIалъан хьвадизеги.

Бищунго туристазе рихьизе рокьула Гъарабудахкенталъул нохъал. Гьел руго Гъарабудахкент росдадаса 4 км рикIкIад, Манасозень абураб гIурул квегIаб рахъалда, Эльдам гохIккелалъул аххалъуда. Гьел нохъал рикIкIуна бищунго берциналлъун ва бальгояллъун. Гьезда абула карстовиял нохъал абун. Гьел лъугьуна ракьуда гъоркьан чвахулеб лъеца гипсги гачги чурун иналдалъун.

Лъабабго нохъодул руго цIарал: ЧIагояб, Хвараб ва Меседилаб. Бищунго кIудияблъун ккола ЧIагояб нохъо. ЧIагоябин гьелда цIар лъун буго гьенир БагIараб тIехьалде росарал къохьолъалкIачал рукIиналъ. Нохъодул халалъи буго 125 м, жаниб буго тоннелаз цолъизабураб 8 зал.



Бищун гьитIинаб «Меседилаб» абураб нохъодул мокърукьан гIодоре далун руго, Дагъистаналда къанагIатго гурони дандчIваларел, батIи-батIияб кьералъул сталактитал.

Нохъазул къадазда дандчIвала, тIалаб гьабичIолъиялъ тIагIун унел ругел, церегосел суратал. Гьениб батула гIемерал унтаби сах гьаризе хIалтIизабулеб кьурупицIцIги (мумиё).

Гъарабудахкенталда буго Дагъистаналда гуребги Россиялдаго цIар рагIараб Бекенез абураб ицц (тюрк мацIалдасан – «гор»). Абула гьеб ицц 70 – 60 миллион соналъ цебе Мезозоялъул эраялдаго баккараб бугилан! Иццул лъел хинлъи кидаго цо хIалалда, 15,5 градусалда, букIуна. Гьеб иццул цIорораб лъеца лъугьинабун буго 1170 кв. метр бугеб берцинаб хIор.

Нохъалги хIоралги рихьун хадур рачIине бегьула музеязде. Гъара-



будахкенталда буго чанго музей, гьенире ракIарун руго цебегосел хIалтIул алатал, рукъалъул къайи, курхьен-кIиликI ва цогидалги гIемерал тIагIелал. Гьеб бихьаралъухъ гIарацги босуларо.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



Тубхlат ЗУРГЬАЛОВА

# Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго…

*Поэмаялъул бутIа*

МугIрул чIужугIадан, чIинчIуялъ гурищ
ЙикIарай некIого берцин гьаюн мун?
Гъурщарал расазул гIурусай гуро
ГIурулъе кIанцIарай АхIулгохIалда.

…Бице, кибе араб аваразул яхI,
Гучал умумузул учузал ясал?
Кибе рехун тараб магIарул намус,
ГIоралъ хъамулареб, цIед бухIулареб?

*ЖабрагIил ХIАСАНОВ*

*...Цебеса унаро, хочодаги ян,*
*Зодое йорхарай дир магIарулалъ*
*Тушманасде тулеб багIараб хIацIу...*
*Беразулъ беролеб гьев тIутIулеб ццин...*

*Херай магIарулалъ, хьамигун цадахъ,*
*ХьвагIун, тушманасул чохьолъ къан гIащтIи...*
*КIиябго хIетIегун цо квер камурай*
*МагIарулалъул квер!*
*Дур хIалчIахъаги!*

*ХIатIазул бакIалда, гьеб квералъ яччун,*
*Цинги кIиябго гьеб цо квералъ хисун,*
*АхIулгохIалдаса тIураб гьорчолъун*
*Гьей ГIандигIурулъе «кIанцIулеб» лахIзат...*

*ЦIар хутIичIо гьелъул, «цо гIадан» гуреб,*
*ЦIаруй гIоло гуреб ВатIан бокьулеб...*
*Аммаха гьелъул квер, гьелъул цохIо квер –*
*Миллаталъул кверлъун хутIана дие!*

*...РекIелъа унаро мугIрул руччаби -*
*ГохIдасан гIурулъе роржунел цIумал!*
*Гьезда цере-цере - хачадилаго*
*«Баба!»-йин ахIдолел алжанул хIанчIи!*

*ХIулигIан тIадагьлъун ракъван лъугIулел*
*Лъимал цере тункун, хадур кIанцIарал!*
*Алжан босиладе гIурул лъимгIаги*
*Щванин нужейилан гьабула щукру...*

## ГІОРОТІАСА ХУТАЙ

*Имамасе ритIухъав,*
*Бищун лебалав мурид –*
*СагIадуллагь ГIоротIи*
*ГIажал гIагарлъун вуго.*
*ТIолго хъизанги бачун,*
*АхIулгохIде вачIарав*
*ВатIан хирияв цойги*
*Мурид къанщулев вуго.*

*Тушманасул гуллбуца*
*Сипат-сурат хисарав*
*Росасда тIад хурхана*
*Хирияй гьесул Хутай.*
*Иман щулалъаниги,*
*Щукру кIоченчIониги,*
*Хоге, дир лаченилан,*
*Чара хун йиго Хутай.*

*Хвалил кьогIлъи гурони,*
*РухI черхалъулъ хутIичIев*
*СагIадуллагьил бераз*
*Бихьизабуна ярагъ.*
*Росасул балагьицин*
*БичIчIулей магIарулалъ,*
*Гьес берал къанщилалде,*
*МагIу тIун, борчана гьеб.*

*АхIулгохIалъул тIугьдулъ*
*ТIолаздаго халлъулей,*
*Хадуй, хIатталдаса ун,*
*Берцинайгун чIурканай*
*СагIадуллагьил чIужу*
*Йоржана тушманасде,*
*Ххарун, магIарде щолел*
*Апшероналъулазде.*

*Дир хъергъу чIвазе кIварал,*
*Гьай дица гъурулин нуж,*
*Гъерезе байбихьана,*
*Бихьинчияс гIадин, гьелъ.*
*ЧIужугIаданалъ хвалчен*
*ХьвагIулеб куц бихьидал,*
*РекIеда ратилалде*
*Хъвехъана солдатал гьелъ.*

*Амма гьезул чангояз*
*Ишаналъе йосарай,*
*Жийгоги хъергъу гIадай*
*Лъукъана магIарулай.*

*МугIрузде рачIун ругел*
*Гьел зулмучагIазухъе*
*КкечIого йикIинелъун*
*Нахъе хъурщана Хутай.*

*Щуго, анкьго сон барал*
*КIияйго жиндирго яс*
*АхIана гьелъ аскIоре,*
*Гьарана гьезда кумек:*
*«Яче, бабал дарманал,*
*Дун доб кьурул рагIалде,*
*Нилъерго дадал рухIалъ*
*Нилъго хвасар гьаризе...»*

*Бида ецIцIулей бабал*
*Калам бичIчIичIел гьезул*
*ГьитIинал кверaз цIцIана*
*Кьурде гьелъул къаркъала.*
*Къуват лъугIун иналде,*
*Ялагьана гьей гъоркье,*
*Гъоба беролеб бугеб*
*Гучаб ГIандигIоралде.*

*Ахираб рухI бакIарун,*
*ТIанчIи каранде къана,*
*ХIасраталдаги баун,*
*Роржине риччан тана.*
*АхIдолел рекIел кескал*
*Кквезе дагьалъ хутIана...*
*Тушман гьезда хъвазегIан*
*ГIурулъе риччан тана.*

*ХIинкъуге, бабалилан,*
*Баба гьабсагIат щвелин,*
*ГIорцIизегIан лъабазго*
*ГIурул лъимги гьекъелин.*
*Цинги дадада аскIор*
*Алжаналда рукIинин,*
*КIанцIун ана гIурулъе*
*ГIоротIаса Хутайги...*

## ТIИНЧI ЧIВАРАБ ГЪАЛБАЦI

*Лъукъун, ругъназул цIурав*
*Мурид гIащикълъун вугеб*
*Лълъеда хадур кIкIалахъе*
*КIиго чIужу къачIана.*
*Жалго чIваялда хIинкъи*
*Цебего кIочон тарал*
*АхIулгохIил руччаби,*
*ГохI тун, кIкIалахъе щвана.*

*Лъимер каранде къарай*
*Кьурул ракьандаги тун,*
*Цояй – гIурул рагIалде*
*Рахълъенгун екерана.*
*ГохIдаса эхер унел*
*Гьел рихьарал солдатал*
*Гьел гIодоре щвезегIан,*
*ГъоркьчIел гьабун, рукIана.*

*Лълъел цIун ячIуней йигей,*
*Данде ун, чIезаюна,*
*ЧIван хучдулгун, эхеде –*
*Гьаваялде йорхана.*
*Бигин жубараб хIацIу*
*Капуразде тулаго,*
*МугIрузул гьазиялъул*
*Меседил рухI босана.*

*ВахIшиял тушбабаца*
*Ада чIвалеб куц бихьун,*
*ЧIичIидилеб лъимералъ*
*Жалги тIатинаруна.*
*Солдатал гIагарлъидал,*
*Гьел гурхIизе бегьулин,*
*Кьурул ракьанда чIаралъ*
*Лъимер кодоб босана.*

*Гьедин гурхIараб хIалалъ*
*Эбелгун тIинчI бихьани,*
*Жибго жанаваргицин*
*РикIкIадасан инаан.*
*Чияр ракьалде рачIун*
*Гьеб талавур гьабулел*
*Гьал «жанавараз» лъимер,*
*Хеч къан, нахъе рехана.*

*ТIинчI чIвараб мугIрул гъалбацI*
*Бахъун нусгун йортана,*
*ТIад речIчIун, солдатасул*
*РекIелъ тIерхьинабуна...*
*Капурал мунапикъаз*
*Жиндир рухI бахъилалде*
*Гьалъ ракI борлъарав майор*
*Тарасевич ватана...*



# ГIумруго гуреб гIумру…

АнцIила ункъо сон букIана дир, унго-унгояб рокьи классцояй Наиляхъ, ккараб мехалда. Ниж кирго ва кидаго цадахъ рукIунаан. Щаялиго нижер классцоязги гьалмагъзабазги ралъаргъичIого, букIине кколеб гIадин къабул гьабулеб букIана гьеб. ХIатта, мугIалимазги рикIкIунаан нижер гьоркьоблъи унго-унгояб бугилан ва Наиляде гIарзги гьабулаан дица цIалуде гIураб кIвар кьолеб гьечIилан. Наиляги дунги мадугьалихъ рукIиналъ, ниж дарсаздаса хадурги гIемерал дандчIвалаан. Гьелъул эмен хехго хвана, эбелалъ хьихьун гIолей йикIана Наиляги кIудияв вац Эльдарги. Нижеца ичIго класс лъугIулеб мехалда Эльдар армиялде ана ва гьелда цебе гьес абуна:

– Ихтияр бугебани, дица нужер дандчIваялгьукъилаан. Кин гьеб гьабилеб? Нуж цадахъ цIалулеги руго, мадугьалихъ гIумру гьабунги руго. Амма, кIочонгеха, Наиля къварид гьаюни дица мун чIвазе вуго, - ян.

– Гьайиларо, Эльдар, гьей къварид, – абун щулияб ргIи кьуна, – гьей къварид гьаюрав, дицаго чIвазе вуго, – ян дица.

Школа лъугIун хадуб Наиляги дунги цIализе лъугьана университеталъул экономическияб факультеталде. Эльдар армиялдаса хадувги рагъулаб хъулухъалда контрактги хъван доваго чIана ва отпускаялъ вачIиндалги кIалъай ккана нижер:

– Дица дуда абулеб гьечIо, дир яц ячине ккелилан, амма цо хIукмуялде рачIине заман щун буго. Дур эбел-инсуе миллат батIияй гьей ячине бокьичIого батизе бегьула, дур эмен вуго бизнесменги рес бугев чиги, нижин абуни мискинал гIадамал… Гьедин иш батаниги щибго ракI хвезе жо гьечIо, амма гьей жийго тезе ккела. Дие бокьун гьечIо яцалъул хIакъалъулъ къваригIел гьечIел харбал, гьей гьанже школьницаги гурелъул.

Гьебго сордаялъ дица эбелалда гьарана инсулгун дандбаян. Амма гьелъул хIасил ккечIо. Гьелдаса нахъе байбихьана нижер хъизаналда битIккунгутIиялги. ЗахIматго унтана дир кIудияй яц Аминат, загьирлъана гьелъул рак букIин. Эбел- инсуца гьей чанцIулго ячана Москваялде, амма тохтураз абуна сах гьайизе бажаруларин. Хадубги, цояс кумек кколинги абун, Аминат ячана Германиялде. Доба гьелъие операция гьабуна онкологиялъул централда хIалтIулев, гIемерал хьулкъотIаразул гIумру хвасар гьабурав тохтурас. Операция цIакъго хираго чIчIана ва инсуца кIигоязда гьоркьоб бикьизе кколеб букIана бизнесги. Гьев инсул гьалмагъ ХIажи ГIалиевичасин абуни бахIарчияб жо гьабуна. Кинабго жиндихъго букIараб гIарацги инсухъе кьун, гьес лъазабуна бизнес гьабичIого тела, цIидасан гьабизе бегьила, ясалъе дару гьабеян. Амма гьеб гIарацги гIечIо ва ХIажи ГIалиевичас бичана жиндирго рукъалъул цо бутIа, гьеб гIарацги инсухъе бачIана…

Киналго гьел харжалги, бахъараб хIаракатги гIадада ккечIо, Амина сахлъизе лъугьана. Эбел-эмен ясалъул тIалабалда рукIаго, вац ГIалица гьабун батана цо къваригIел гьечIеб иш ва гьесда тIад гьабуна дело. Гьеб мехалда нижеца кинабниги буголъи бичизе ккана, къарзал рецIизелъун. Гьенибги гьабуна ХIажи ГIалиевичас кумек.

Инсул ищцояв гьалмагъ ХIажи ГIалиевич дида гьитIингоялдаса лъалаан. Нижеца гьеседа ХIажидаци

ян гурони абулароан. Инсулги гьесулги гьудуллъи букIана гьитIинаб къоялдасаго ккараб. Гьел цадахъ цIаларал ва хадуб гIаммаб иш байбихьарал чагIи рукIана.

Дица гьеб кинабго мухIкан гьабун бицунеб буго хадуб букIараб квешаб лъугьа-бахъин битIун бичIчIизелъун. Батизе бегьула, дир къисмат мекъи ккезабурав, эмен ритIухъ гьавизе бокьиялъги. ГIилла балагьизе кколеб бугелъул, батIайиса гьабизе гьесул рес букIинчIилан чIчIезабизе. БукIине бегьула дирго тамахлъи ритIухъ гьабизе къваригIиналъги?!

Эменги ХIажиги, цадахъ хIалтIи гуребги, вацал гIадинал гьалмагъзабиги рукIана. Гьудуллъиялъулаб гьоркьоблъи букIана нижер хъизаназулги лъималазулги. ГIемерал чагIаз махсарогицин гьабулаан кватIичIого ниж гIагарлъизе ратилилан. Дидаги ракIалде кколаан дир вац ГIалие ХIажил яс Аида абизе бегьулин…

Гьелдаса ана кIиго сон. Наиляцаги дицаги лъугIизабуна университет, ракIалда букIана хIалтIизе цадахъ Североалде ине. Гьеб мехалдаги гьарана дица эбелалда Наилялги дирги гьоркьоблъи инсуда дандбаян. Нахъияб къоялъ инсуца жинцаго дун ахIана ва абуна кIиго къоялъ цеве жив ХIажи ГIалиевичас рестораналде вачун вукIанила рагьараб хабаралъе. Гьесда дагьалъ цебе лъадудасан лъан буго, жиндир яс Аидае гьитIингоялда дун вокьулев вукIин, ва гьелъ батIиясе ине разилъи кьолеб гьечIеблъи. Гьелъ лъазабун буго дие гурони жий инарилан…

Инсуца абуна жинда кколила дуда жив вичIчIизе вугин ва бокьун бугила дихъа Аидалгун ригьиналъе разилъи щвезе. Дун дирго гIундузда божулев вукIинчIо. Кин гьединаб жо абизе яги гьаризе бегьулеб? Инсуца дида ракIалде щвезабуна ХIажица нижер хъизаналъе гьабураб щинаб кумекги лъикIлъиги. Гьединго Аидаги йикIана берцинайги, цIодорайги, бечедайги, лъикIайги гIолилай. Школа гьелъ лъугIизабуна медалалда ва мединститутталда щуйилазда цIалулей йикIана.

– Дие йокьулей яс батIияй йиго! – ян абуна дица кьварун.

Амма гьесда дун рагIулев вукIинчIо.

– Аида ячине инкар гьабуни, дуца дун хъвезе вуго нусги гьечIого. РакIалде щвезабе ХIажица нилъее гьабураб лъикIлъи ва ургъун вихье гьединав чиясул хIурмат гьабичIого бегьулищ?

Дида щибго кIочон букIинчIо ва хIадурав вукIана ХIажие бажарараб кинабго гьабизе, амма гьес дида гьарулеб жо гуро. Гьединго дида лъалаан Наилял гIагарлъиги гьарун чагIи рачIиналъухъ ралагьун чIун рукIин. Жакъа-метер вачIине кколаан Эльдар. Кинаб гIилла дица батилеб гьанжеги гьаризе чи витIи ва рагIи босиялъул иш нахъ тIамун теялъе? Кин дун гьезул бадиве валагьизе кколев вукIарав?

Чанго къоялъ рокъоса къватIивего вахъинчIо, Наилядаги абуна унтун вугин. Байбихьуда лъабго къоялъ Наиляца дихъе щибаб сагIаталда жаниб ахIулебги букIана. Хадуб циндаго ахIи гьоркьоб къотIана ва дицаго ахIана. Дида Наилял гIамал-хасият лъалеб букIиналъ, гьаркьидасанго бичIчIана, гьелъул рахIатхвей букIин. Гьелъ дун божизавулев вукIана щибго лъугьараб батIияб жо гьечIила, регIичIолъиялда бан хутIанила ахIичIого, Эльдарги вачIун, гьалбалги гIемерал рукIанилан.

Щуго къоялдаса дун Наилягун дандчIвана. Бихьулеб букIана гьелъул рахIатхвей. ГIиллалъунги, жийго свакан йикIин ва Эльдар вачIун рокъоб хIалтIи гIемерлъи рикIкIунеб букIана, амма цо бичIчIулареб балайги хIинкъиги букIана. Суалалги хабарги гIемерай гьей гIенеккун чIана. Дидаги лъалеб букIинчIо хабар сундаса байбихьилебали. Ахирги Наиляца абуна:

– Мурад, цоги нухалда рихьила, дида хадув гьанже имгIал вачIине кколa. Дун Гъизляралде унеі йиго, нижер кIодоэбел унтун йиго. Гьениса йиссиндал бицина хабарги.

Гьеб лахIзаталъ дир гъуждузда тIаса цо бакIлъи бортанилан ккана. РакIалда букIана инсудаги кIалъан гьесда дирго рекIел хIал бичIчIизабизе ва гьанже моцIида жанив дихъа гьев кантIизавун бажарилин хьул лъуна.

Инсулгун хабаралъул жо ккечIо. Гьев лъугьана Аида ячине кколилан. Цо сордоялъ рагIана эбелалъ гьесие дир рахъги ккун хабар бицунеб, амма гьев къуркьулев гьечIоан:

– Дурго гIамал мекъав васасул рахъ ккезе лъугьун йиго мунги. Нилъее киназего рокьула ригьнаде руссинегIан щал ругониги, дирги йикIана лъабго соналъ, берцинай ва цIодорай гIурус яс – Нина. Эбелинсуца лъазабуна нилъерай ячине ккoлилан ва йихьизаюна мун. Щиб, квешищха ккараб?

Гьеб сордоялъ дида бичIчIана кинабгIаги нух дие гьечIеблъи. Гьанже дун Наиляхъ валагьун вукIана, цадахъ Североалде иналъул суал дандбазе. ЗАГСги гьабун ина. Гьай-гьай, киналго ясазе бокьулеб батила бертин гьабун ине. Амма гьелда дун вичIчIилев ватила.

Ана моцIги, Наиляйин абуни тIадюссуней йикIинчIо ва телефоналъги жаваб кьечIо. Дун ана Гъизляралде, гьелъул кIодол адрес дида лъалаан. РакIалдаго гьечIого вачIарав дидехун Наилял бугеб балагьи бихьидал, дун виххун ккана. Дие гьимизегицин гьимичIого, гьелъ кверaлъ бихьизабуна къотIнов чIайила жий ячIинегIанилан.

– Щиб дуе ккараб жо, Наиля? Щай гьедин цIорон йигей? Дида ракI хвараб жойищ бугеб? Аллагьасда бихьулеб батила дие дуда цадахъ вукIине бокьун бугеблъи ва гьелъие хIаракат бахъулев вукIин.

– ЧIа, Мурад, гIенекке цин дихъ. РакIхвей дир гьечIо, амма цIияб хабар буго, гьарула гьеб къабул гьабеян. Нилъ гIемераб мехалъ цадахъ рукIана ракIги хун ратIалъизеги бокьун гьечIо.

– РатIалъизея? Щиб бицуней йигей? Дица мун киданиги толаро. Дида бичIчIула рагIи босизе чагIи рачIине кватIиялъ дур рахIат хвезабун букIин…

– Гьелъулъ гуро иш бугеб. Дир рагIи босиги кватIиларо, амма гьеб мунгун букIинаро, Мурад. Дун гIемерай ургъана нилъер гьоркьоблъиялда тIад ва бичIчIана, нилъеда гьоркьоб рокьи гуро бугеб, гьаб буго школалъулаб гьудуллъи…

– ГIадаллъунищ мун йигей, Наиля? Дуца бицунеб жо щиб? Дуда дун хисизе чи ватун гуродай?

– БитIараб жо, лъана дуда. Дун разилъана Руслание ине, дудаги лъала гьев. Ниж руго цого миллаталъул ва гIагарал. Гьев дидаса кIудиявги ва магIишатги гIуцIарав чи ккола, буго рукъ, тукен ва кафе. Соназ кIудияв вукIинги дие къабуллъула. ГIел бащадав рос – абизегIан лъикIаб букIунеб батиларо.

Дида Руслан, Наилял инсул рахъалъан вацгIал, лъалаан. Ригьин биххаралдаса лъабго соналъ вукIана гьев Наиляда хадув чIун. ГIемерал соназ цеве Норильскиялдеги ун гьениб лъикIаб бизнес – магIишатги гIуцIун букIана. Амма Наиля гьесул жиндехун бугеб хьулалда тIад елъанхъулаан. Гьелъ гьеб гьадингояб жолъун толаан. Гьанжейин абуни гьесие уней йиго. Гьелъие гIоло яхъун ятизе ккола Гъизляралдеги.

– ГьабсагIаталъ гьанив вугищ гьев? – абун гьикъана дица

– Вуго, – ян абуна гьелъ. – Амма хабар гьабиялъул пайда гьечIо. Сундуе гьеб? Дида лъицагIаги гьабулеб хIал гьечIо, дунго разилъана. ТIаса лъугьа, Мурад, гьадин ккола: цо къо бачIуна нилъер гIумруго хисулеб.

Дун гьабизе жо лъаларого хутIана ва ахIана:

– Дун божуларо дуца бицунелда...

– Дица кидалгIаги гьереси бицарабищ дуе?

– Бицана, дун вокьулилан абулаан дуца...

Лъаларо кин дун рокъове щваравали. Хадусеб къоялъго дун дачаялде ана, нухдаса чанго шиша гIаракъиги босана, киданиги гьекъолеб жо букIинчIониги. Эбелалдаги абуна дун Москваялде унев вугин къваригIелалъилан.

Рокъове вуссана анкьидаса. Дун жанисан гьалделев вукIана. Рокъоса къватIиве вахъинчIого тIамулаан къоял. Рокъосез щаялиго щибго гьикъулеб букIинчIо. РакIалда гьечIо кин дол къоял аралали ва кинан дун Аида ячине разилъаравалиги. Кинабго букIана макьилъ гIадин...

... Бертин букIана кутакаб, бечедаб. ТалихIал умумуз нижее рес кьуна бертин гьабун хадурги рикIкIадаб сапаралъ инеги. Амма гьацIул моцI гьуинаблъун ккечIо. Дица Аидал хIурмат гьабуна, амма рокьи дир рекIелъ кунчIичIо. Гьей гIемерай гIодулаан, цIехолдулаан щайин жиндехун дун гьира гьечIого вукIуневан. БитIахъего гьелъул суалаздаса вахчарулев вукIана дун, жаваб гьабулаан гIаммал харбаздалъун. Гьейин абуни йикIана лъикIай лъади, дие битIккана гьелда цадахъ.

Гьедин ана жеги кIиго сон. Аидалгун дир гIумру бечедабги буго. Нижее эбел-инсуца кинабго чIезабуна, битIахъе ракьалдаго алжан гIуцIанин абизе бегьулеб хIал буго: лъабго тIалаялъул минаги, щивасул рекIунеб иномаркаги, дие балагьана лъикIаб хIалтIи, щвана инсул бизнесалъул саламатаб бутIа, Аидаги йиго кIудияб гуреб медицинаялъул централда хIалтIулей... Лъимал жеги нижер гьечIо, амма тохтурзабаз абуна гьелги рукIине ругилан.

Дагьалъ цее дандчIвана Наилял гьалмагъ Саида. Гьелдасан лъана Наиля Руслание инчIейлъи. Дица ригьин гьабун чанго моцIидасан, росасе ине инкарги гьабун, Москваялде ун йиго гьалмагъгун ва хIалтIизе лъугьун йиго шведазул фирмаялде.

Гьединго лъана, доб Наилялгун ракI рагьараб гара-чIвари гьабизе заман дица цIацIалеб букIараб мехалда, гьейгун дир эмен дандчIваравлъи. Щиб хабар гьес Наиляе бицарабали лъаларо, амма гьеб хабаралдаса хадуй «разилъун» йикIун йиго гьей Руслание инеги ва жийго ун йиго Гъизляралдеги. Гьелда лъалеб букIана кIудияб гIилла гьечIого дица жий толарейлъи ва ургъун буго росасе уней йигилан багьанаги.

Гьеб кинабго Саидадаса рагIидал дун гIадаллъарав чи гIадин лъугьана. РакIалде ккана кинабго хисизабизе кIвелародаян. Биччай инсуца дидаса инкар гьабизеги, гьебго бигьалъила хIехьезе. Амма Аидал гIайиб щиб, гьейги гьечIелъул талихIай... Добго къоялъ дица Наиляхъе ахIана, абуна Москваялде вачIине ва нижер гьоркьоблъиялда хурхун рагьараб хабар бицине бокьун бугин.

– ВачIине бегьила, амма хабар кинаб нилъер букIинеб, Мурад?..

– Дие мун йокьула, Наиля, кидаго йокьулейги йикIана... Лъала дун гIайибияв вукIинги. Амма, дуца кинабго гьадав Русланги гьоркьове вачун бигъинабуна.

– Дуда гIайиб гьечIо, Мурад. ГIайиб ккана дида. Дуда цееги, Русланида цееги, дирго намусалда цееги гIайибияй дун ккана...

– Наиля, дида лъала дуе дун вокьулеблъи. Гьанжеги кинабго хисизабизе кватIун гьечIо, нилъеца жеги лъебергоцин сон бачIо...

– Мун мекъи вуго, Мурад. Дие мун вокьуларо. Бицине хабарги гьечIо. Нилъ рукIана классцоял гьалмагъзаби, батIияб жо букIинчIо. ТIаса лъугьа, дун хIалтIулей йиго ва хабаралде регIун гьечIо, – абун гьоркьов къотIизавуна гьелъ дун...

Доб сордоялъ кин рокъове щваравали дида лъаларо. Дида нух бихьулеб букIинчIо, мехтарал беразда цебе чIун букIана магIил пардав, чанго сагIат, машинаялда жанивго, рагьтIаги бана. Каранда хурхараб унти кин сасинабилебали лъаларого дица кIудияб гьаркьидалъун радио биччана. Гьенир кIигоял ругоан дагIбадилел. Хадуб байбихьана гIенеккаразул гьариялда рекъон кучIдул ахIизе. ГIемерисел гьел рукIана рокьул кучIдул ва гьезда гьоркьоб рагIана дие ахIулеб гIадинабги:

*«Рокьи гьечIеб алжанги,*
*жужахI кколеб батила,*
*Гьениб цIакъго кьогIгоги,*
*къо хIехьонги букIуна!»*

«Гьеб битIарабги буго. Дидаги лъала рокьи гьечIеб алжан жужахIалде сверулеблъи. Гьелда релълъараб буго жакъа дир гIумруги. Амма щибха дица хисизабилеб, ниж талихIаллъун ратиялъе жиндаго бараб гьабизе Наиляца инкар кколеб бугеб мехалда? Гьелда бихьулеб гьечIеб къагIида дие гьаб гIумруго гIумрулъун гьечIеблъи...

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**

ГъазимухIамад ГЪАЛБАЦIОВ

# ГамачI

Лъарал рагIалда букIана цо гьитIинаб гамачI. Гьелда гIодой чIолаан щибаб къоялъ цо гIолохъанай яс. Гьей йикIунаан лъарахъги ялагьун, пикрабазда. Гьелъие бокьун букIана гъваридаб ва бечедаб гIумру гьабизе. Гьелъие бокьун букIана жиндир ва жиндихъ лъикIав васасул рокьи ккезе. Гьединав вас гьелда лъалев вукIинчIо. Гьелъие вокьулев вас гьелда ватун вукIана маргьабалъ ва тIахьазулъ. ГIумрудулъги гьев ватиялда гьелъул ракIчIун букIана. Гурони гьев маргьабалъе ва тIахьазулъе кисан ккелев вукIарав... ГIемераб заман балаан гьелъ анищазда...

Гьебго ганчIида гIодов чIолаан гIолохъанав васги. Гьесиеги бокьун букIана унго-унгояб гIумру. Гьесул ракIалъги гьарулей йикIана маргьабалъа яс, гьесги кьолаан гIумру гьелъие гIоло. Гьесдаги лъалей йикIинчIо гьединай яс. ГIемер гьарулаан гьесги анищал...

Гьел кIиялго киданиги гьеб гамчIида цадахъ ккечIо... Гьел киданиги цоцада рихьичIо...

ГIемераб лъим чвахана гьеб лъаралълъан.

Херай чIужу ячIана гьеб лъарал рагIалде ва гIодой чIана гьадаб ганчIида. Гьей къойил ячIуна гьение. ГIодобе бетIерги къулун пикрабазда йикIуна гьей. Гьелда бичIчIуларого буго гьаб гIумру жиндие бокьухъе инчIолъиялъе гIилла. Гьелда лъалеб гьечIо жиндиего кинан бокьун букIарабали... Гьелъ пикру гьабуна жиндир ракIалъе вокьарав вас щун вукIаравани, щиб ккелеб букIарабали. Гьелъул ракI гурхIулеб букIана гьанже вугев росасе иналдаса, ракI бухIун букIана гIумру анищазда данде ккечIолъиялдаса.

ГIодобе бетIерги къулун гьей пикрабазда нахъе ана.

Гьебго гамчIида гIодов чIана херав чиги. Гьединалго пикраби гьесулги рукIана. Гьесулги ракI бухIун буго араб гIумруялда хадуб. Гьесда ракIалде щолеб буго живго гIолохъанаб мехалъ кинал пикрабигун гьанив гIодов чIолев вукIаравали ва дагьабги ракI къварилъулеб буго гьесул. Гьесулги ракI бухIун буго ракIалъе бокьарай чIужу ячинчIолъиялдаса, гьесда бичIчIулеб букIинчIо ракIалъе бокьухъин гIумру билълъинчIолъиялъе гIилла. Лъалеб букIинчIо щай гIадамасул ракIалъе гьечIебщинаб жо бокьулебали. ГIеме-гIемерал пикраби гьаруна гьесги.

Гьевги ана нахъе гIодобе бетIерги къулун...

Херавги херайги киданиги гьеб ганчIида цадахъ ккечIо. Гьел цоцада лъаларо.

Жеги-жеги буго гьеб гамачI лъарал рагIалда. Жеги-жеги рачIуна гIадамал гьелда кIусизе. Жеги-жеги бекерулеб буго лъарги...





Жакъа нилъехъ гьоболъухъ йиго ДФИЦ РАНалъул Щ1адаса ХIамзатил цIаралда бугеб мацIалъул, литератураялъул ва искусствоялъул институталъул гIелмияй хIалтIухъан, филологиял гIелмабазул кандидат Умсалимат Багьавудиновна ГIабдуллабекова.

Умсалимат йиго «ЛъагIалил гIолохъанав гIалимчи – 2016» конкурсалъул лауреат, гIемерал регионалиял, тIолгороссиялъулал, халкъаздагьоркьосел симпозиумазул, конференциязул гIахьалчIужу, 50 ялдасаги гIелмиял хIалтIабазул автор. Гьелъул нухмалъиялда гъоркь ДГУНХалъул студентаз халкъаздагьоркьосеб «Business project contest» бизнес-проектазул конкурсалда тIоцебесеб бакI ккуна. Нижер гара-чIвари букIана гIумруялда, гIелмуялда ва рахьдал мацIазда сверун…

## Умсалимат ГIАБДУЛЛАБЕКОВА:

# «РАХЬДАЛ МАЦI – ДИР РЕКIЕЛ АХIИ!»

**- Жиндир заманалда лъикIал къиматаздалъул ДГУялъул иностранный факультетги лъугIизабун, мун йикIана школлъималазеги студентазеги ингилис мацIалъул дарсал кьолей. ГIелмуялда тIад чIезе хIукму гьабидал, щаялиго дуца тIаса бищана гIагараб лъарагI мацI. Щай? Ингилис лъаялъул кумек кканищ дуе гьениб?**

- Дица гьанжеги кьола ингилис мацIалъул дарсал, амма гьелъ кинаб букIаниги квал-квал гьабуларо дир гIелмияб хIалтIуе. Рахьдал мацI – рекIел ахIи буго. Дида сверун руго гIалимзаби, журналистал, мугIалимзаби, щвалде щун лъарагI мацI лъалел. Нижер тухумалдаги цIакъ къиматалда букIана рахьдал мацI, ва кинаб букIаниги гIажаиблъи гьабизе ккараб бакI гьечIо гIелмияб цIех-рех гьабизе дица гьеб тIаса бищунилан.

Ингилис мацIалъул кумек бугищилан гьикъани – буго. Глобализациялъулги, цифровизациялъулги гIасруялда лингвистияб гIелмуялъул дунялалда лъугьунеб-бахъунебги лъазе, къватIисел хIукуматазда тIоритIулел конференциязда, семинаразда онлайн букIаниги гIахьаллъиги гьабизе рес буго дир. Кинаб букIаниги мацI лъаялъул пайда гуреб, зарал букIунаро.

**- МацIал лингвистазе хIалтIул алат хIисабалда хIалтIизабизе, жидеего хIалтIухъ мухь щвезе къваригIарал жал ругин абурабги буго пикру. Дур щиб пикру бугеб?**

- Гьеб мекъаб пикру буго. Дунго лингвистилан гуро, унгоги рахьдал мацIазул кIвар бичIчIун абулеб буго. Чингиз Айтматовасул рагIаби рачIана ракIалде: «МацIалъулъ буго халкъалъул хвелгьечIолъи», - йилан. Яги Расул ХIамзатовасул:



Лъаларо, МухIамад, цойгидазул иш,
Амма дида дирго рахъалъ абила:
Метер магIарул мацI хвезе батани,
Хваги дун жакъаго, жаниб ракI кьвагьун.

Щибаб мацIалъулъ буго жиндирго берцинлъи, такрарлъи гьечIеб кIалзул гьунар, махсаро-хочI, тарих, философия. Щибаб къатIра рагIилъун бугеб, гьалагаб гIор буго мацI. Гьелъ рачуна нилъ нилъелго кьалбазухъе. Рахьдал мацI лъаларев чиясда гурхIизе ккола. Гьев вуго живго жинцаго кIудияб бечелъиялдаса, кучIдузулъ, харбазул, кици-биценазулъ, маргьабалъ бугеб азарсонилаб жиндир халкъалъул гIакълу-гIелмуялдаса махIрум гьавурав, пакъирав чи. Гьесул рес гьечIо гьеб рагIизе, цIализе, бичIчIизе, лъазе.

Лингвистика буго гIемерал гIасрабаз цебе баккараб гIелму. Амма жакъаги гьелъул кIвар дагьлъун гьечIо. Дагъистаналъул мацIазул бицани – гьеб буго жеги бегичIеб хур, цIиял, кIвар бугел, ургъел бугел гIалимзабазухъ балагьун бугеб.

**- Кинал захIмалъабигун дандчIвалел гьеб нухда гIалимзаби? Ва, дур пикруялда, мацIалде рокьи гуребги, цоги кинал качестваби гьелъие къваригIунел?**

- Бищунго, гIолохъанал гурелги, гIалимзаби рази гьечIеб жо буго гIалимчиясул харж. Гуманитариял гIелмаби естественияздаса гIодорегIан гьарулел, гьел унго-унгоял гIелмаби гурилан абулелги камуларо. Пачалихъалъе инженерал къваригIун ругила, гуманитариял гурилан абула цо-цо тIадегIанал трибунаяздасангицин. Гьединлъидал батилаха, аслияб къагIидаялъ гIелму цебетIезабиялъе биччараб гIарацги гьеб рахъалдехун унеб. Амма гуманитариял гIелмабазул даражаялда бараб букIуна жамгIияталъул пикрияб рахъги рухIияб бечелъиги.

АбичIого гIоларо, гIолохъанал гIалимзабазе кIудияб кумек буго Россиялъул Президентасул, Россиялъул кьучIчIал цIех-рехазул Фондалъул, Дагъистан Республикаялъул БетIерасул грантазул. ЖамгIиял гIуцIабиги ратула кумекалъе. Гьедин, ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб Фондалъул кумекалдалъун бажарана дихъа «Словарь отраслевой лексики кумыкского языка» биччазе.

**- ЖамгIиял гьундузда рукIарал комментариязда рекъон, гьеб словаралъул гIемерав чиясе интерес ккун буго ва гIемеразе бокьун бугоан гьелъул бетIергьабилъун рахъине. Цодагьаб гIатIидго бицинарищ гьелъул хIакъалъулъ?**

- Монграфиялъул аслияй автор ккола Татув Таймасханова. Совет ХIукумат биххилалде 30 соналъ хIалтIана Татув ХIажиевна ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб мацIалъул, литератураялъул ва искусствоялъул институтлъул гIелмияй хIалтIухъанлъун ва цебегоялдаса хьвадана лъарагIазул росабалъе миллияб лексикаялъул цIех-рех гьабизе. Гьелъ бакIарана бечедаб флора ва фаунаялъул, гIадамасул анатомиягун физиологиялъул, календаралъулгун географиял терминазул материал. Урбанизациялъул хIасилалда гьел рагIаби тIагIун унел руго гьанже бицунеб лъарагI мацIалда гьоркьоса.

Словарь къватIибе бахъизе хIадурулаго, дица структураялъул хал гьабуна, материал тIаде жубана, стилистикиял, грамматикиял ва диалектиял хисабасиял гьаруна, суратаздалъун къачIана ва терминал рихьизари гIурусалъ хъвана.

**- ЦIех-рехалъул хIалтIухъ грант щвей бигьаяб жо бугищ?**

- ГьечIо. КIвахIалаб хIамица ХIоцо мегIерги бегуларелъулха. Документал ракIаризе ккола цIакъ кIваркьун ва тIадчIун. ЦIиял гIелмиял хIалтIаби цIалун рукIине ккола, лъилниги пикру гIунтIулареб гIадаб ва цогидазе интерес букIинеб гIадаб проект ургъизеги лъазе ккола. Бигьаяб гьечIо, амма бажаруларeб жо гуроха.

**- Рахьдал мацIал цIунизе, гьел мацIазул гIаммаб программа лигвистаз гIуцIуцIиялде дур кинаб бербалагьи бугеб?**

Узухъда, гьединаб программа хIажат буго, амма цохIо лингвистазул хIаракаталдалъун рахьдал мацIал цIуни щакаб жо буго. Гьединаб кIудияб кIвар бугеб суал борхарабго, жамгIияталъул киналго ресурсал цолъизе ккола.

**- Дур кандидаталъул диссертацияги ва гIемерал цогидал гIелмиял хIалтIабиги халкъиял маргьабазул хIакъалъулъ хъварал руго. ГIалимчIужуялъул бераздалъул маргьабазул дунял кинаб бугеб?**

- Киналго гIадамазе рокьула маргьаби. Гьеб рокьиги гьитIинаб мехалдасаго байбихьула. Лъимералъе маргьаялъ кумек гьабула дунялги гIадамазул гIамал-хасиятги бичIчIизе. Маргьабазул буго кутакалда бечедаб, берцинаб, пасихIаб ва ракIалда чIолеб мацI. Гьеб бичIчIула гIицIго рахьдал мацIалда маргьаби цIалулаго. Маргьа буго лъугIи гьечIеб квешлъи-тIекълъигун къеркьей ва гьениб чара гьечIого ритIухълъи бергьуна. ЦIале лъималазе маргьаби!

**ГIалав ГIАЛИЕВ**





# ЧIАХЪАГИ ГIУМРУ!

Лъебергоялдасаги цIикIкIун соназ «МагIарулай» журналалда хIалтIулаго дие рес щвана Дагъистан тун къватIир ругел машгьурал гIадамалгун дандчIвазе.

Гьединаздасан цояйлъун ккола Аминат МухIамадоваги. Мунагьал чураяй Фазу ГIалиевалъул тIадкъаялда рекъон, дун гьелъул хIакъалъулъ макъала хъвазе йоржана Москваялде. Гьелъие гIиллалъунги букIана жийго Фазуги гьелъ сах гьайи. (Журналалда гьеб бахъана 2008 соналъ).

Гьеб заманаялдего Аминат рикIкIуней йикIана онкогематологиялъул рахъалъ машгьурай гIалимчIужулъун. Гьей кколаан лъебергоялдасаги цIикIкIун гIелмиял макъалаби хъварай ва гьединго А. И. Воробьевасул редакциялда гъоркь къватIире риччарал «Опухоли лимфатической системы» абураб атласалда, ва «Руководства по гематологии» абураб кIиго томалъул тIехьалда кIудияб бутIа лъурайлъунги. 2008 соналъ Аминатица цIунана онкогематологиялъул рахъалъ хъвараб докторлъиялъулаб диссертация. ГIелмияв консультантлъун ккарав Андрей Иванович Воробьевас байбихьудаго гьелда абун букIана:

– ЗахIматаб тема буго, лъицаниги тIаде босичIо, бажаризе гьечIо, – ян.

– Бажаризе гьабила, – ян къокъго жаваб кьуна Аминатица гьесие, щаклъи жиндирго букIаниги. Гьелъул тIоцебесеб докладалъухъ гIенеккидал, Андрей Ивановичас абула:

– Унго щваравищ дун мурадалде?! – ян.

Аминат МухIамадовалъухъ гIенеккидал ва хвалдаса хвасар гьарурал гIадамазул диагнозал рагIидал гIажаиблъизе бачIуна. Аминатихъа бажарун буго лимфома сахлъизабиялъул хIалтIи онкологаз гуреб гематологаз гьабизе кколилан чIезабизеги. Гьединаб приказги бачIун буго СахлъицIуниялъул министрасул. Аминат МухIамадова ккола лимфабазул захIматал унтабазул гIемерал рахъазул цIехрехазулаб проекталъул автор. Гьединал цIехрехалги гьарулел руго 2015 соналдаса ва гьениб гIахьаллъи гьабулеб буго россиялъул 22 гематологиялъул поликлиникаялъ. Гьединаб хIалтIиялъ хIасилалги лъикIал рихьизарулел руго. Камун рукIинчIо Аминатил методика къабуллъуларелги, амма гьелъ чIезабуна жийго йитIарай йикIин.

Жиндирго ишазе кIудияб къимат кьезеги гьей лъугьунаро, кIудияй гIалимчIужуйиланги йикIунаро, амма хIасилаздаса йоххула:

– Гьеб буго дир хIалтIи, – ян абуна гьелъ, гьимулаго. Амма йоххула унтаразул жиндехунго божилъи бихьидал ва гьел сахлъиялъе жинхъаго кумек щведалги.

ГIелмабазул доктор Аминат МухIамадовалъ гьанже дарсал кьола ФГБУялъул институталдаги, Россиялъул СахлъицIуниялъул министерствоялъул гематологиялъулаб гIелмияб Централдаги ва гьединго тохтуразул махщел камиллъизабиялъул курсаздаги. Гьелъ хIадур гьаруна щугоял гIелмиял кандидатал, гьанже гьезул цоялъ нухмалъи гьабулеб буго отделениялъе.

Докторлъиялъулаб хIалтIи цIунун хадуб Аминат МухIамадовалъе киналдасаго цебе букIана хъизан ва лъимер гьаби. Гьелъул ишал лъугIизегIан, ичIго соналъ сабурго валагьун чIана МухIамад ГIабдурахIманов. Гьевги ккола тохтур, невролог, отделениялъул заведующий. Гьеса лъикIго бичIчIула лъадул иш ва гьелъулъ бугеб кIваралъул. Гьесул хIакъалъулъ бицунаго Аминатил гьурмалъ бихьичIого хутIуларо разилъи ва гьесдехун бугеб адаб:

– МухIамад вуго унго-унгояв интеллигент ва профессионал, гьединго дир якьад Аминат МухIамадовнаги йиго кутакалда лъикIай гIадан. Ниж кIиязулго цIарги ишги буго гIахьалаб, гьейги ккола гематолог.

Ункъо соналдаса Аминатил гIумруялда жаниб ккана цо хIикмат: кIикъого сон барай гьелъие гьаюна яс ПатIи. Гьанже гьелъ бан буго микьго сон, гIолей йиго цIодорай, цIалулей йиго лъикI, машгъуллъи буго бакънazде, амма бокьун буго эбелго гIадинай гематологлъун яхъине. Аминатиейин абуни гIолеб гьечIо

рекIее бокьухъин ясалде кIвар кьезе заман. ХIалтIудаса регIараб заман гьелъул абизегIанаб букIунаро. Квартиракги гьелъ босун буго хIалтIулеб Централда гIагарда, нухда заман дагьаб хвезабиялъе ва унтаразе гьеб цIунизелъун.

…ЩибгIаги бигьаго, къисматалъ сайгъат гьабун, Аминатие щвечIо…

Гьей гьаюна Сергохъала районалъул гьитIинабго Конасираги росулъ, кIудияб хъизаналда. Щуйилазда лъугIизабуна школа, хадуб багIараб дипломалда Каспийскаялъул медучилще. Эбел-инсуца ясалъе щвараб хасаб гьоркьохъеб лъаялдаги гIей гьабулеб букIана. Аминатиейин абуни гьеб гIечIо, ана шагьаралде, лъугьана мединститутлде цIализе. КIиабилеб курсалдаса байбихьун лъугьана цIалиялдаго цадахъ хIалтIизе, бетIербахъи гьабизе. МахIачхъалаялъул №3 лъимал гьарулеб рукъалъул реанимациялъул отделениялда хIалтIулаго, чанги къасисеб сменаялдаса хадуйги ине кколаан институталде дарсазде. Гьединаб ахIвал-хIалалъги квал-квал гьабичIо гIолилалъе щуйилазда цIализе ва институт лъугIиялда цадахъго гьей йикIана хIалбихьи щварай специалистги.

Лъабго соналъ Чачаналдаги хIалтIун Аминат цIализе лъугьана Москваялда ординатураялде. Гьеб заманаялдаги захIмалъаби гIемерал дандчIвана. Чачаналда рукIарал лъугьа-бахъиназда хурхун, лъиего бокьулеб букIинчIо «чачаналъе» кумек гьабизе. Гьанже Аминатида доб заман ракIалде щола гьурмалъ гьимигун..

Гьей цIакъ рази йиго РАМНалъул гематологиялъулаб централда, гIумруялъ бищунго кумекалъе ватарав, гьеб централъул директор Андрей Иванович Воробьев дандчIваялдасаги.

– Гьес дир гIумруялда эбел-инсудаго бащадаб бакI ккуна, – абун бицана Аминатица. – Дица гьев кидаго Учительлъунги рикIкIана ва рикIкIинеги вуго.

***А. И. Воробьев дандчIваялъ къотIун буго Аминатил гIумруялъулго къисмат. Гьес кумек гьабун буго гIолилалъе гематологиялъулаб централда мурадалъулаб аспирантураялде лъугьине ва гьелдаса хадув анцIила щуго соналъ хутIун вуго гьелъул гIелмияв нухмалъулевлъунги. Кьварарав ва тIалабчилъи цIикIкIарав нухмалъулесда гIолохъанай дагъистаниялъулъ бихьун буго пагьму-гьунар ва гIелмияб хIалкIвей.***

Дица гIемераб хIаракат бахъана Аминат жиндирго хIакъалъулъ бицине тIамизе. ГIицIго цо хIалтIудаги цIалудаги бан букIунарелъулха гIолохъанай чIужугIаданалъул гIумру. Амма Аминатица къокъ гьабуна, жиндие классическиял макъналги тарихиял къисабиги ругони гIолиланги абун. Гьелъ щибаб къоялъ, дагьаб букIаниги жо цIалулеб буго, кигIанго заман гIоларго букIаниги. КигIанго кин букIаниги дица гьелда гьикъана, хас гьабун, жиндирго талихI сундулъин бихьулеб абун.

Цодагьайго ургъизеги ургъун, гьелъ жаваб кьуна:

– Гьеб буго захIматаб суал, амма дунго талихIайлъун рикIкIуна. Дие кьун буго сахлъи ва таваккал, гьелъ кумек гьабуна дие мурадалде щвезеги. Аллагьасе рецц, бажарула лъикIабги квешабги батIа бахъизеги. Дир вуго мустахIикъав рос, сахай ва цIодорай яс, цересел гIадамал, гIагарлъи ва дун йичIчIулел, дир рахъ кколел гьалмагъзаби. Дир рес буго, квешаб унтиялде данде рагъ гьабиялъе, гIадамазе кумекалъе ятизе.

КидагIаги ругьунлъиларо къварилъиги хвелги рекIелъе биччачIого тезе, нижер хIалтIуда гьел гIемерал дандчIвалел рукIаниги. Амма сундаго данде кквезе бегьуларо унтарасе мадар лъугьинабизе бажаридал, сахлъизе вукIиналда гьев божизавизе кIведал ва щуго соналъ цебеги сахлъуларилан ракIалде кколеб букIараб унтиялдаса гIадамал хвасар гьаризе бажаридал бижулеб рохел. Гьединазул бадиб бихьулеб божиялъе ва рокьиялъе гIоло гIумруялъ хIалтIизе бегьула!

***Амина МухIамадовалъухъ ялагьун дунго гьеб хIикматалъулъ гIахьаллъараб гIадинаб асар лъугьунеб букIана. Кинха рохиларел гьединаб хIинкъи цIикIкIараб унтиялъ ккураз гIумру гьабизе бугилан рагIидал? Гьез гIумру гьабизе буго гIажаибго лъикIай, тIадегIанаб бажариялъул тохтур Аминат МухIамадовна МухIамадовалъул захIматалъул, лъаялъул, гьунаралъул кумекги щун. Гьединлъидал букIана дирги ракI бохун: чIахъаги гIумру!***

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**



# ФИЗИКГИ-ЛИРИКГИ...



Нилъер республика берцин ва бечед гьабула хIикматал, багьадурал руччабазул цIараз. Тарихияб сурат, къиматал магIданаз гIадин, къачIала багьадурал руччабаз. Гьезул рухIалда барахщичIеб захIматги, кIудияб бахIарчилъиги, букIинесеб гIуцIиялъе гьез бахъулеб букIараб хIаракатги кидаго кIоченаро. Нилъер ихтияр гьечIо гьезул цIарал кIочене тезе.

Зумруд ХIажикъурбановна ХанмухIамадова ккола табасаранazул машгьурай мугIалим, поэтесса, табасараназул руччабазда гьоркьоб тIоцебе тIадегIанаб лъай щварай ва тIолабго гIумру гIадамазе хьулухъалда тIамурай гIадан.

Зумруд ХанмухIамадова гьаюна 1915 соналъ Хив районалъул Кандик росулъ. Гьей ккола машгьурал гIалимзаби – суфиял ХIажи Кутаялги ХIасан эфенди Алкъадарилги тухумалъул гIадан. ЗахIматаб къисмат батана гьелъул кIудада ХIажи-Къурбанилги, кIудабаба Сакинатилги: 1937 соналъ рагъулав офицер ХIажи-Къурбан репрессиялде ккана ва 1938 соналъ гьев чIвана. Хадув, гIемерал соназдасан, ритIухъги гьавуна гьев. Сакинатин абуни, жеги гIолохъанай гIадан, щугоял лъималги хьихьун хутIула.

Доб букIана захIматаб заман, кулакалилан чIунтизабураб магIишат гIуцIизе ккана цIидасан. Амма, кIудияб къоги бихьун, хъизанго цадахъ лъугьун, гьеб цIигьабуна. Сакинатихъа бажарана лъималазе лъикIаб тарбия кьезе, цоцазе кумекалъе хIадураллъун гьел гIезаризе. Киналго гьел гIуна захIмат бокьулел, лъай босизе гъира бугел.

Дербенталъул педагогическияб училищеги лъугIизабун, Зумруд хIалтIула Хивалда учительницалъун. ГIолилалъул бугеб лъайги, гъираги бихьидал нухмалъулез гьелда божилъи гьабуна чIахIиял классазда математикагун физикаялъул мугIалимлъун хIалтIизе. Рагъул заманаялда школазда мугIалимзаби гIолел рукIинчIо, Хив районалдаса ритIулел тIалабазеги жавабал рачIунаан цогоял: «ГьабсагIаталъ мугIалимал ритIизе рес гьечIо» ян. Гьединлъидал хIажалъана ругел ресаздаса пайдаги босун Зумруд цIализе йитIизе.

1943 соналъ гьей лъугьана Дагъистаналъул пединститутальул физикиябгун математикаялъул факультеталде. 1948 соналъ гьебги лъугIизабун ячIана добго Хивалъул школалда хIалтIизе. Зумрудихъа бажарулаан цIалуде лъималазул гъира бижизабизеги, гъваридаб лъай гьезие кьезеги.

Зумрудил творчествоялъулаб гьунар кватIизегIан загьирлъун букIинчIо. Гьеб рахъ хутIун букIана хIалтIизабичIого. Зумрудил гIагараб ракьалде, тIабигIаталде, халкъалде бугеб рокьи загьир гьабурал кучIдул кватIире рахъун, рагIун, загьирлъун рукIинчIо. Гьелъин абуни жиндирго пикруялъул гъварилъи, балагьиялъул гIатIилъи кучIдузулъ загьир гьабулеб букIана. БатIи-батIиял, гвангъарал образаздалъун бихьизабулаан гьелъ кIигьумерчилъи, хъантIи, хIалихьалъи къабул гьарунгутIиги, рагьулаан гIумруялда кколел мекъал-тIекъал ишалги. ЦохIо табасараназул мацIалда гурелги, гьелъ кучIдул хъвалаан лезгиязул, азербайжаназул ва гьединго гIурус мацIаздаги. Гьединлъидал гьелъул поэзия гIемеразе гIагарабги, бичIчIулебги, къабулабги букIана.

Хадуб мугIалималъул хIалтIи Зумруд ХанмухIамадовнаялъ гьабуна, рагъда цересел соназда жинцаго лъугIизабун букIараб, Дербенталъул педагогическияб училищеялда. 1953 соналдаса 1993 соналде щвезегIан гьелъ гьениб малъана математика, физика, астрономия. Студентаз хIаракат бахъулаан Зумрудил предметал лъазаризе ва ритIухъай гьелъул адаб-хIурматги гьабулаан.

ТIолалго кандикалъулалги, гьединго Дербенталде кълваригIелалъ щварал гIемерисел табасараналги рещтIунеб бакI Зумрудил рукъ букIана. Чанги чIарбидаги тIамулеб букIана бусен, бакI гIоларого. Амма рекIел хинлъиги кIварги Зумрудил рокьоб киназего гIолаан ва вакъункъечон гьенив щивгIаги хутIулароан. Жакъаги гIемерал руго Зумрудие баркала кьолел ва хинаб асаргун ракIалде щола гьелъул гьоболлъиги лъикIлъиги.

Зумрудил вац Бейдуллагьил яс Сакинат Алкъадарскаялъ бицана:

«Дун гьитIинаб мехалда, долъ тIамулаан масъалаби гьаризе, малъулаан хIисаб, бицунаан космосалъул ва планетабазул хIакъалъулъ... Диеги цIакъ бокьулаан гьелъухъ гьоболлъухъ йикIине, щайгурелъул дора кидаго камулароан гIадамалги, ракIгъун, аваданго букIунаан. Кидаго байрамалде хIадурлъулеб гIадинаб ахIвал-хIал батулеб букIиналъ гьениб

бихьарабги рагIарабги ракIалда хутIулаан. Гьей йикIана гIадамал хирияй гIадан: гIагаралги гIагарал гурелги, лъалелги лъаларелги рокьулаан гьелъие. Кидаго киназего кумекалъеги хIадурай йикIана, хIажалъидал гIадамазе кверчIвай гьелъ жиндир борчлъун рикIкIунаан. Шагьаралда гьелда гIемерисел гIадамалги лъалел рукIана. Гьединго лъикIаб гьоркьоблъи букIунаан тIалъиялъулгунги, амма жиндие пайдаялъе гьеб хIалтIизабулароан.

РетIа-къай гьелъул букIана гIадатияб – мугIалималъул костюм. Бокьулаан баргъич-кIиликI, амма гьелги гIемер ралел рукIинчIо, рекъон гьечIилан толаан гIемерал рай. Цо-цо мехалда гIемерал гьелги ххун махсаро гьабулаан: «Дир гьаб тIасан ккей жакъа тIаса лъугьун тезе бегьилеб батила», - абун. Дида гьанжеги ракIалде щола гьей кIилкIазда жаниб басандун кенчIолеб бакъул чIоралдаса йохулей йикIараб куц.

Гьелъул букIана кIудияб гъамас. Ниж рохулаан гьей гьеб гъансиде аскIое унелъул, рахай бахъулелъул ва рагьулелъул. ХIухьелги ккун, ралагьун чIолаан щибдай гьелъ гьениса къватIибе бахъилаян. Ва кидаго щиб букIаниги нижее бокьулеб жо гьелда гьениб батулаан: косынка, шарф, курхьен, махI гьуинаб сапун ва цогидабги. Гьелъие бокьулаан гIадамал рохизаризе, хасго лъималазе сайгъатал гьаризе.

Гьединго гьей йикIана кверда махщел бугей гIаданги. Хьухьарулаан, юкъарулаан, угьарулаан. Гьелъул рокъоб букIана халича гьабулеб станок ва эркенаб заман гьелда нахъа тIамулаан, гIемерал рукIана гьелъул квераз гьарурал жалги. Амма кинабго бикьулаан. Гьелъ гIисинал халичаби, щватаби, джурабал ва цогидабги жиндирго кверзул тIагIел сайгъат гьабичIев гьобол нагагьги хутIун ватиларо.

Гьелъ гIемер бицунеб букIана цебесеб гIумруялъул, росдал тарихалъул ва гIадамазул хIакъалъулъ. Лъалаан щив лъие кинаб рахъалъан гIагарав кколев, лъил кинаб гьунар-цIар букIарабги. Дида лъалаан, жийго физик хIисабалда материалист йикIаниги, гьелъ рухIияб рахъ цIакъго кIвар бугеблъун рикIкIунеб букIараблъиги. Дунял цо букIаниги гьелъул гIемерал рахъал ратула ва пикруги жибго жиндаго, жаниб рухI гьечIого бугони гьадингояблъун букIуна, – ян абулаан Зумруд–ункъачоца. Цеего нижгун гьечIониги, сонал ранагIан дида лъикI ричIчIула гьелъул пикрабиги, ракIалде щола харбалги, цере чIола прикрабиги».

Зумруд ХIажикъурбановнаялъул цIалдохъан, Дагъистан Республикаялъул Халкъияв хъвадарухъан Шахвелед Шахмарданов:

«Дун жеги школалда цIалулелъул, Зумруд ХIажикъурбановнаялъул гьитIинав вац Бейдулагь ХанмухIамадовас кумек гьабун букIана дир инсул кучIдузул тIехь бахъизе. Дун гьезухъе МахIачхъалаялда рокъовеги щун вукIана. Гьес лъикIаблъун бихьизабун букIана дие Дербенталъул педучилищеялде цIализе лъугьине. «Яцалъул бербалагьиялда гъоркьги вукIина ва гьелъ дур математикги гьавила!» – абун махсароги гьабун букIана дос. Училищеялде дун бигьаго лъугьана ва бачIинахъего группаялъул старосталъунги вищана. Зумруд ХIажикъурбановнаялъ кидаго кумек гьабулаан цIализе гьира бугелщинал студентазе. ХIаракатчилъи ишалъулъ бихьизабурал гIадамал гьелъие гIагараллъунги лъугьунаан. Гьелъ малъун, 1969 соналъ дун заочно цIализе лъугьана МГУялда цебе хIалтIулеб букIараб математикаялъул школалде. ТIадкъаял почалдаса рачIунаан. Гьелъул санагIалъи букIана, цIалулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал гIолилал экзаменалги гьечIого МГУялъул матфакалде росулаан. Диейин абуни Зумрудица кумек гьабулаан ва абулаан: «Гьениб цIали лъугIизабун хадув математика кьезе гьаниве вачIине ккелаха» ян. Гьелъие цIакъ бокьун букIана дир математик гьавизе. Училище лъугIизабун хадув дун Зумруд ХIажикъурбановнаялъ вачана директорасухъе ва абуна: «Гьав вас цIалун вахъиндал дир бакIалда хIалтIизе вачIине ккола! Дунин абуни нахъе ина ва халичабазде тIаделъила», - ян.

Дунин абуни цIализе лъугьана М. Горькиясул цIаралда бугеб литературияб институталде, гьира бижана хъвадариялде. Гьеб заманаялде дица гьабун букIана хьизан, гьединлъидал цIализе ккана заочно ва хIалтIулев вукIана районалъул газеталда. Дун квешго хIинкъун вукIана Зумруд ХIажикъурбановнаялда дица «рекIкI гьабураблъи» лъазе гурилан! ХIалтIулелъул ва цIалулелъул дир хIажат кколаан дербенталъул библиотекаялдаса тIахьазде. Гьений заведующаялъун йикIарай Раиса Мамедовна кколаан Зумруд ХIажикъурбановнаялъул гьалмагъ ва дица гьелда гьарун букIана математика тIаса бищичIеблъи Зумруд ХIажикъурбановнаялда бицунгеян. Цо нухалда тIахьал – журналазул къвалги цIун библиотекаялдаса къватIиве лъугьунаго заведующая яхъана дун нухарегIизе ва гьений дандчIвана Зумруд ХIажикъурбановна. Дун вихьидал йохха-хинлъун лъугьана гьей: «Шахвелед, дир вас, дун цIакъ йохана мун вихьидал. Дур гьанже лъабабилеб курс лъугIулеб батила?»… Дун нечон лъугьана, Раиса Мамедовнаялъ абуна: «Ав Москваялъул литературнияб институталдалъидал цIалулев вугев», - ян. Зумруд ХIажикъурбановнаялъ хIухьел гъваридго цIана ва пашманго гIадин абуна: «Щибха гьабилеб, гьебги лъикIаб ва хIажатаб иш буго…», - ян.

Дица лъикIаблъун рикIкIана гьелъул лъикIал, гъваридал, магIнаял, гIакъилал кучIдул басмаялда рахьи. ТIоцере гьел цIалидал дун хIайранлъун вукIана! Рес рекъарабго хIадур гьабуна гьезул сборник. Гьеб буго табасараназул мацIалда хъварал кучIдузул мажмугI ва лирикиябги гражданлъиялъулабги поэзиялъул мисалияб кIодолъи.

ГIемерал руго Зумрудил цIалдохъабилъун рукIарал ва гьелъул хIурмат гIумруялъ гьабулел гIадамал. ТIалаб цIикIкIарай ва кьварарай гьей мугIалим рокъой ятулаан тамахай хIеренай ва гьединлъидал гьелъухъе гIолилал гIемер рачIунаан, къокъаби гьарун цIех-рехалъеги, хабар-кIалалъеги, гьадинго чай гьекъезеги.

Жакъаги гIемерал ратила жидеца лъай Зумруд ХIажикъурбановнаялъул малъа -хъваялъулги мисалалъулги кумекалдалъун балагьанин мукIурлъулел. Гьей нижеда кидаго кIоченаро…»

***ГIемер ккола аскIорги цадахъги ругеб мехалда гIадамазе мустахIикъаб къимат кьунгутIи. Заман индалин абуни загьирлъула гьезул кIодолъиги кIварги, ракIалде щола гьабураб лъикIлъиги кумекги.***

**Сулгият БУЛГАЕВА**



**ГIумруялда бищунго кIвар бугеб щибилан гьикъани, гьай хIикмалъизе йиго:**
**- Кинабго: хIалтIиги, хъизанги, гIагарлъиги, гьалмагълъиги, пишацоялги.**
**Гьелъ батила гьалда эркенаб заманги батулареб, кидаго гIедегIун ва гIемерал, нахъ тIамун тезе бегьуларел, ишал тIуралейги йикIуней…**

Ханум ГIисаева гIадинал гIадамал дандчIвай журналистазе битIккейлъун букIуна, гьединал гIадамаздаса гIемераб лъазе къваригIараб рагIула, гьезулгун гара-чIварияз цIиял пикраби рижизарула. Цадахъ хIалтIулезеги гьей, нухмалъулей гурей, насихIатчIужулъун, цIиял пикрабазе кьучI лъолейлъун йикIуна.

Щийха гьей Ханум ГIисаева? Гьей ккола Сергохъала районалъул Лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей, «Россиялъул 100 лъикIаб школа» конкурсалъул лауреат, районалъул собраниялъул депутат.

Ханум Набигуллаевнаялъ жиндирго хIакъалъулъ цIакъ мукъсанаб гурони баян кьолеб гьечIо, щибаб рагIиги абулеб буго ургъун. Амма щибаб рагIулъ бихьула гъварилъиги, магIнаги, хIисаб-суалги. Гьединаб тIабигIаталъ тIамун йиго жиндирго пиша тIаса бищизеги. Ханумада кидаго лъалеб букIун буго лъай босиги, гьеб цогидазе кьейги хIажатаб ва инсан бечед гьавулеб иш букIунеблъи ва гьеб сундаго данде кквезе бегьулареб талихI букIин.

Школалда гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительлъун хIалтIизе гьей лъугьана 90 соназул байбихьуда. Амма цохIо дарсалги кьун Ханум чIарайани гьеб гIажаибаб ишлъун букIинаан. Гьелъ цадахъго гьабуна лъайгун тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместительлъиги.

- ГIун бачIунеб гIелалъул тIабигIаталъул жиндирго характеристика букIуна ва кидаго гуро педагогазда кинабго рахъалъ гьел ричIчIулел. Гьединлъидал хIажалъула батIи-батIиял экспертазул, специалистазул, психологазул кумек. Гурони лъималазул жанисеб дунял лъазабизе захIмалъула. Гьанжесел лъимал тIубанго батIияб ахIвал-хIалалде ккун руго. Тарбия кьеялъул гIадатиябилан толеб къагIида гIемериселъ дандего ккoлеб батуларо. Чанги гIолилал мекъаб нухде ккун ратула, заманаялъул тIалабалги ричIчIичIого. Амма, дица нужеда абила, киданиги божуге жакъасеб гIел гIадлуялде бачун бажаруларилан абураб жоялда. Педагог хIисабалда, щивав цIалдохъан берзукьа виччалев гьечIони, кIвар бугел, пайдаял ишазде гьоркьоре цIани, щивасул рокъоб бугеб ахIвал-хIалги, къварилъи-гIатIилъиги лъани ва

# ГЬАДИГIАНГО КЪОКЪАБ ХАЛАТАБ ГIУМРУ…

бажарухъе кумек гьабизеги лъугьани, бищунго гIадлу хваравги хисизе вуго. Гьес хIаракат бахъизе буго цIалулъ хIасилал рихьизаризеги, гIадлуялда хьвадизеги, школалъул гIумруялъулъ гIахьаллъи гьабизеги.

Гьединай, ургъел гьабулей ва хIаракатай, щивав цIалдохъанасда тIад кIвахI тун хIалтIулей гIолохъанай мугIалим йихьичIого хутIичIо, гьелъул захIматалъе ва хIаракаталъе мустахIикъаб къиматги кьуна. Гьединлъидал, киназего къабуллъана гьей директорлъун тейги. Ханум Набигуллаевнаялъул хIаракаталдалъун школа лъугьана лицейлъун ва гьелъие кьуна Г1умар Батирайил цIар. ГIолохъанай директоралъ цIалул ишалде гьоркьоре рачана цIиял къагIидаби ва лицей лъугьинабуна гIелмияб центрлъун. Ай, гьениб лъай кьеялъул хIалтIи лъун буго нилъер заманаялъул тIалабазда рекъон.

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъе нухмалъи гьабизе бажарулев чи къваригIиндал, районалъул бетIер М. ГIумаровас Ханум Набигуллаевна жиндихъего ахIула ва цебе лъола районалдаго лъайкьеялъул хIалтIи лъикIаб даражалде бахинабизе ккеялъул суал. Гьей расниги гIажаиблъичIо, амма бичIчIана жинде тIаде гьеб кIудияб жавабчилъи кколеб букIин.

Ханум Набигуллаевна божулей йиго кигIанго захIматабилан кколеб масъалаги ургъун тIаделъани, тIубазабизе кIвеялда. Гьанжесеб лъай кьеялъул ишги, дол церехун советияб заманаялда рукIарал лъикIал педагогал – новаторазул хIалбихьиялдалъун бечед гьабуни, гIемерго цебетIезе бугила ва тIадегIанаб даражалде бахине бугилан абуна гьелъ.

Жийго Ханум ГIисаевалъ кIудияб хIаракатчилъи бихьизабула методологиялъул ва технологиялъул цIиял рахъал хIалтIизариялъе, жигараб гIахьаллъи гьабула регионалиял, тIолгороссиялъул, халкъазда гьоркьосел гIелмиял конференциязда, гургинал столазда.

Сергохъалаялдаса цIалдохъаби чIухIизе бегьула предметазул республикаялъулги ва халкъазда гьоркьоселги олимпиадабазда гIахьаллъулел рукIиналдаса. Гьединаб тIадегIанаб даража лъай кьеялъулъ букIиналъе кIудияб хIалтIи мугIалимзабазулги букIине хIажалъула. Республикаялдаго тIибитIизабун буго Сергохъалаялъул школазда предметал малъиялда цадахъго тарбия кьеялъул рахъалъ щвараб хIалбихьи. Ханум Набигуллаевнаялъ абулеб буго нилъер улкаялда жал гьукъарал экстремистазул гIуцIабазде данде гьабулеб хIалтIи гьоркьоса къотIичIеб букIине кколилан.

Жигарай ва киналъулго ургъел рекIелъан биччалей Ханумица гIолилазе лъикIаб тарбия школалда щвеялде кидаго кIудияб кIвар кьолеб буго, балагьулеб буго гIолилазул рекIелъе нух, лъазабулеб буго гьезул гьира, бижизабулеб буго лъаялде рокьи. Гьелъ абулеб буго, гьанже заманаялда ВатIаналде гIолилазул рокьи цIикIкIинабиялъе кумекалъе ратизе кколила лъайкьеялъулги культураялъулги х1алт1ухъабиян.

Тарбия кьеялъул рахъ лъикIлъизабиялъул, гьенир цIиял къагIидаби хIалтIизабиялъул мурадалда хIадур гьабураб буго «ЦIалдохъабазул рекIелъ ВатIаналде рокьи бижизабизе» абураб программа. Гьелъул къучIчIалда районалъул школазда гIумруялде бахъинабун буго тарбия кьеялъулаб проект, гьединго гьелъие щун буго республикаялъул БетIерасул грантги.

Лъалел–хъвалезги цадахъ хIалтIулезги бицухъе, щваралда гIей гьабун Ханум йикIуней гьечIо. Пандемиялда хурхун хIалтIизабизе ккараб, рикIкIадасан дарсал кьеялъулаб къагIидаги гьелъ лъикIаб хIалбихьилъун тана. Лъайкьеялъул технологиялдаса лъикI пайда босиялъе, хадубккунги хIалтIизабизе бегьулеб рахълъунги бихьулеб буго гьелда гьеб. Гьединго букIинисеб заманаялъе кIвар бугеблъун гьелъ бихьизабуна «Земский учитель» абураб программа гIумруялде бахъинабиги, гIолохъанал специалистазе росабалъ рекъарал шартIал гIуцIиги.

Ханум ГIисаева ккола 16 гIелмияб хIалтIулги, кIиго цIалулгун методикияб пособиялъулги автор, Санкт–Петербургалда бугеб Неваялъулаб ассамблеялъул, ТIолгороссиялъул педагогическияб собраниялъул, гIурус мацIалъулги литературалъулги учительзабазул Ассоциациялъул член. Гьединго гьелъ нухмалъи гьабула республикаялъул лъайкьеялъул Министерствоялъул «Инновациялъулаб школа» абураб, цIалул ва методикияб хIалбихьиялъул площадкаялъе.

Гьелъул ругелщинал хIалтIабиги, тIаде росарал ишалги рехсезе заман гIеларо. Гьединго гIемерал руго баркаладул кагъталги, хIурматиял дипломалги. Гьелъие щун руго «РФялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан», «РДялъул мустахIикъай учитель» абурал цIарал, бергьун йиго РФялъул лъикIал учительзабазул ва РДялъул Президентасул Гранталъул конкурсазда, яхъун йиго «Россиялъул 100 лъикIаб школа» абураб конкурсалъул лауреатлъунги.

Хъизан кинха? Хъизан гьелъ школалъулаб ишалдаса цебегIан гьабулеб гьечIо.

- Гурони данде кколаро, – ян махсаро гьабуна Ханум Набигуллаевнаялъ. – Дун йиго гьанже кIодоэбелги! Яс ПатIиматица жиндир заманаялда школа лъугIизабуна меседил медалалда, хадуб ДГУялъул юрфак ва ДГПУ. ХIалтIулей йиго педагог–психиатрлъун. Гьелъул буго кIиго лъимер. Вас СултIаница лъугIизабуна Москваялъул автомобилазул ва нухазул университеталъул МахIачхъалаялъулаб филиал. ХIалтIулев вуго МВДялда. Рос ГIиса ккола бакIал ралев чи. Гьедин, батIибатIиял махщел чагIи руго нижер хъизаналда.

Амма гьаниб гьалъ бицунеб махсаро буго. Хъизанги гIуцIун буго берцинаб рукъ гIадин, кирпич кирпичалда лъун, щулияб къедги гьабун, жиндаго берцин бихьухъе ва гIумруялда жаниб бищунго кIвар бугеблъунги буго гьеб. Хъизан жиндие гIумрудул компас бугила, нух къосун ккезеги гьелъ толарила ва мурадазде щвезе кумекалъеги батулилан бицана Ханумица…

Бокьулеб жо?.. Гьеб ккола литература, гьанжесебги цебесебги классика, гьединго творчество, гьелде тIаде жеги туризм ва тIабигIат бихьизе хьвадиги. Дагъистаниязе хасиятаб гьалбал къабул гьариги гьелъ нахъегIан толаро. Гьединго гьалмагълъи кквезе ва къваригIараб мехалда ургъел бикьизе кумекалъеги ятула.

***Гьединай гIадан йиго Ханум…***

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**

**Женщина Дагестана**

**На аварском языке**
**Учредитель:**
Министерство информации и печати Республики Дагестан.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Сдано в набор 05.07.2021.
Подписано в печать 13.07.2021.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0702. Тираж (2951) 487 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
1 – Динара Эминова– директор Государственного лезгинского музыкально-драматического театра им. С. Стальского;
III– Работы А. Хаджаева.



# Художник, Мастер, Педагог

Художник Альберт Хаджаев, гIицIго тIадегIанаб гьунаралъул мастер-реалист хIисабалда гуревги, машгьурав вуго Дагъистаналда. Гьев гьавуна 1937 соналъ Дагъистан АССРалъул Буйнахъск шагьаралда. Школа лъугIигун армиялде витIана ва рагъулаб хъулухъги Германиялда, дунялалъул культуриял центразул цоябилан абулеб, Лейпцигалда тIобитIана. Армиялдаса вуссун хадув, чанго соналъ хIалтIана «Дружба» кинотеатралда художник-рекламистлъун. Гьунар лъаялдалъун щула гьабизе кколеблъиги бичIчIун, гьев цIализе лъугьана ва 1972 соналъ лъугIизабуна Тбилисиялъул пачалихъалул художественнияб академиялъул релъабаздалъун суратал рахъиялъул факультет. Махщел гьениб гьес камиллъизабуна профессор Корнелий Барнабович Санадзел мастерскаялда.

Дагъистаналде вуссиндал Альберт лъугьана М. А. Джемалил цIаралда бугеб художественнияб училищеялда суратал рахъиялъул дарсал кьезе ва гьелдаго цадахъ тIаделъун гIахьаллъи гьабуна республикаялъул творчествоялъул гIумруялдаги. Гьес хIаракат бахъулаан ишалдехун унго-унгояб рокьи бижизабизе ва гьедин мустахIикълъана студентазул хIурматалъе. Гьединаб хIаракаталъул хIасилалги ккана. ГIун рачIана гIолохъанал, махщел камилал художникал: Адиль Астемиров, Арсен Къурбанов, Тимур Сулейманов, Избат Уруджева ва цогидалги. Дагьал гурони ратуларо гьединал гьунарчагIи гIезаризе бажарарал мугIалимзаби.

А. Хаджаевасул тIоцересел «Яс Фатима», «Басрияб пахь», «Барият» абурал хIалтIабазде художниказулги, ралагьаразулги, искусство лъазабулезулги кIудияб кIвар буссана. Гьел рукIана магIнаялда, берцинго рахъарал суратал.

Художникас таваккалго рагьулел рукIана гьунаралъул цIиял бокIнал. Амма халкъазда гьоркьосел, тIолгороссиялъул ва тIолгосоюзалъул церелъеязда гIахьаллъарав художникас, жиндирго хIалтIабазул цебелъейин абуни, 2017 соналъ гурони гьабичIо.

Гьесул хIалтIаби руго мухIканал, ракI тIаде цIалеб хIалалъ рахъарал, образал руго дурусал. КIудияб махщалида бахъун буго «Курклиялдаса Шаза ракIалде щвеялъе» абураб сурат: гьениб бихьула магIарул гьаваги, тIамхазул щур-щурги, магълъабазда гьарурал хурзалги, тIабигIаталъул рахIатаб сихIкъотIиги.

Художник А. Хаджаевасул хIакъалъулъ бицунаго бихьизабичIого гIоларо тIахьазул графикаялъул рахъги. Гьес суратаздалъун къачIан буго кIинусгоялдасаги цIикIкIун дагъистаналъул, Россиялъул ва къватIисел улкабаздаса авторазул тIахьал.

Гьединго гьесул творчествоялда кIудияб бакI ккола натюрморталъ. КIудияб махщалида гьарурал натюрмортал – гьел ккола цебечIезабулеб сураталъе философияб къимат кьей. Гьесул «Басрияб Пахь», «Рохалил Натюрморт» абурал хIалтIаби руго цIакъго къиматаллъун. Гьел тIагIелазулъ авторасда бихьулеб буго тIурарал гIелазул гIумру ва ралагьаразеги рес кьолеб буго гьеб жинда цебе чIолеб гIадин бихьизе.

1984 соналдаса нахъе Альберт Хаджаев ккола СССРалъул (Россиялъул) художниказул Союзалъул член, гьес кидаго гьираялда гIахьаллъи гьабула дагъистаналъул художниказул гIумруялдаги. Дагъистаналъул художниказда гьоркьоб Альберт Хаджаевас ккола мустахIикъаб бакI. Гьесул хIалтIабазулъ кидаго загьирлъула унго-унгояв художникасул хатI.

**Интерненталдаса босараб**



Портрет внучки Шамиля Нафисат

Произведения
Альберта Хаджаева хранятся
в центре «Росизопропаганда»
в Москве, Дагестанском музее
изобразительных искусств имени
П. С. Гамзатовой в Махачкале,
Дагестанском государственном
объединенном историко-
архитектурном музее Махачкалы,
Министерстве культуры
Республики Дагестан, Музее боевой
славы Буйнакска, а также в частных
коллекциях в Дагестане,
России и за рубежом.



Балхарка



Дагестанский натюрморт



Обсуждение работ



Праздник первой борозды

ИНДЕКС ПМ795

6+




4 651116 280082